ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№107 (21.265)● 2008 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 4, бэрэжьей● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ●И уасэр сомИ 3-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щахуэщІэныжмкІэ лэжьыгъэ куэд щыхэфІагъэкІ центрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Административнэ реформэм и гъэпсыкІэр Урысей Федерацэм 2006-2010 гъэхэм щеГъэкІуэкІыным, Урысей Федерацэм административнэ реформэ эрэщыгъэфІагъэкІынум теухуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м кьиштА унафэ №1789-р-мкІэ арэзы зытехьар, 2006-2008 гъэхэм гъэзэщІэн, къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я флагыр къэІэтын, псоми кІыгъэсэбэныфын мурадкІэ **унафэ соиІ:**

1. Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыхуащІ, лэжьыгъэ куэд щызэфІагъэкІ центр (адэкІэ - МФЦ) - къэрал муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІэкІэ щыхуэхэмрэ организацэхэмрэ зыхуей документхэр кьищыІах, щатх, щрат зыуэ щыт щІыпІэ къызэрэпэщыныр, иджырей техницэ Іэмалыщ Іэхэр къыгъэсэбэнуэрэ эпыщІауэ щыт къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэ зыбжанэ зэуэ хузэфІахьныжмкІэ щыхуэхэм, организацэхэм Іэмал ягъуэту щытыныр къезэгъыу къэлытэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм (Ярин А. В.):

мазищ пІалъэм кІуныбыдэу МФЦ-м теухуа положенэр, МФЦ-р и лъабжьэу ящІэ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я реестрыр икІи ахэр яхущІэныжмкІэ административнэ регламентхэр кьищтэж;

къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щахуищІэкІэ МФЦ-р гъэзэщІакІэр властым и федеральнэ органхэм я щІыналъэ органхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыпІэ самоуправленэм и органхэм ядэлэжьным теухуа зэгурыІуэныгъэхэр гъэхьэзырыныр къызэригъэпэщын хуейщ.

3. МФЦ-р къызэгъэпэщыныр икІи гъэлэжьныр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым, изгъэущІ ахъщэ къыхэкІыпІэхэм я хьэкъкІэ зэфІагъэкІыу гъэувын.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыпІэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етын щІыхуэхэмрэ организацэхэмрэ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зы щІыпІэм деж щыхуащІуэ щытынныр къызэрагъэпэщыну, муниципальнэ мылъкуу щыт унэхэр, пэшхэр хуахакІэрэ икІи зэрылажьэ законодательствэм ипкъ иткІи егъэгущІ Іуэхугъэуэхэри ялэжькІэрэ.

5. Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щІыпІэхэм, организацэхэм зы щІыпІэм деж щахуэщІэныр абы зегъэубгъэныжмкІэ лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щызэгъэуІуныр и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм административнэ реформэ щегъэжьКІныжмкІэ республикэ комиссэм.

6. Мы Указыр гъэзэщІа зэрыхъум кІэлъыплъныныр я пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Ярин А. В., Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Къэзэр А. Хь.

7. Мы Указым кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент К ЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къэлэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№60-УП

●Дыгъуасэ

УнэтІныгъэхэм топсэлъыхь

КЪБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен** дыгъуасэ иригъэкІуэкІауэ республикэм и Правительствэм хэтхэм я зэІущІэ.

Ар кьыщызэІущыІуэм Президентым кьыхигъэщащ, зэрызэгурыІуэм тету, дяпэкІэ тхьэмахуитІ кьэс зэ министрхэм я отчетхэм чэзуэу зэредзэІуэнур.

«Абы Іэмал кьыдитыныщ дэтхэнэ Іэнатіэми и Іуэхущіафэр зыхуэдэр нэхъ кууэ зэпкърыхьныр, и нэгъабыгъэ нэхъыщхьэкІэр егупсысауэ дунэтІыну», - кьиГъэльэгъуащ республикэм и лІыщхьэм.

ИужькІэ зэхьыхьэм щедзІыащ пІалъэ зэхуэмыдэхэм тещІыхьауэ Къэбэрдей-Балькъэрым зэрызиужьыну щІыкІэм и Іуэхущ зекІуэкІэ экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ министр **Мусуков Алий** ищІа докладым.

Отчетым хищІа дагъуэхэр зэхилъхьэжа нэужь, Кьанокъуэ Арсен жиІащ ар къызэрищІэр икІи гъэтІылъыпІэ имыІэу министерствэм зэфІихын хуей Іуэхугъуэхэр игъэнэІуащ.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, Правительствэм и унафэщІ **Ярин Андрей**, абы и кьуэдзэхэу **Тхьэзэплъыж Мурат, Дышэкі Мадинэ**, **Чекенов Ануар**, министрхэмрэ къэрал комитетхэм я унафэщІхэмрэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

●ТхьалытыщІэ

УщиякІуэм и лъэужь

Налшык къалэ и Архив ІуэхущапІэм и унэм щызэхэтащ политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэ Мэлбахьуэ Тимборэ и фэеплъ кьыдагъэкІа тхьилъым трауХуа зэІущІэ. Тхьилъым кьызэщІеубыдэ 1948 - 1996 гъэхэм Тимборэ и Іэдакъэм кьыщІэкІа тхьигъэ куэд. Абыхэм я нэхъыбэр япэ дыдэ дунейм кьытехьэу араш.

ТХЬИЛЪЫР кьыдэкІыным я гуащІэ куэд халъхьащ КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Дышэкі Мадинэ**, «Бум-Банк»-м и унафэщІ **Ажахьуэ Къанщокий**, хьэрычэтыщІэ **Мэлбахьуэ Къералбий** КЪБР-м и Архив ІуэхущапІэм и унафэщІ **Къарэ Арсен** сымэ.

ЗэІущІэм кьрихьэлІат Мэлбахьуэм дэлэжьахэм, и ныбжьэгъуу щытахэм, и Іыхьлыхэм яцІыІ.

- Мы тхьилъыр кьыщыкІэрыхьан зыуэ гъэдежащ икІи зыбжанэрэ кьытезгъэзэжурэ сриплъэжащ. Псоми тщІэрт Мэлбахьуэ Тимборэ и акьылымрэ и зэчиІэмрэ зэрызиныр, ауэ и Іэдакъэ кьыщІэкІауэ, зэІущІэ инэм кьыщипсэльын папщІэ игъэхьэзырауэ щыта тхыгъэхэм нэІуасэ захуэсщІа нужь, нэхъри си фІэщ хьуащ XX лІэщІыкІэм Тимборэ хуэдэ хэрзап лэжьакІуэ Урысей псом зэрыщымыІар, - жиІащ КЪБР-м и Президентым и чэнджэщзэгъу **Дуэян Хьэсэн** кьыщыпсэльам. - Абы и щІэныгъэ псом и тхыдэм кьыхэльындыкІыу кьызэрыхэнэнум шэч кьытехьэркьым. ФІыщІэ ин яхуэсщІыну сыкуейт мы тхьилъ щхьэпэр дунейм кьытехьэн папщІэ эи кьаруурэ зэманрэ щымысхьажу абы елэжьа дэтхэнэми. ФІыщІэ псалъэ щхьэхуэ кьелэжь Анкахуэ Хаджабобий. Сэ зэрысщІэмкІэ, тхьилъыр Кьаншобий и мылъкуэмщ кьызэрыдэжІар.

Апхуэдэу зэІущІэм кьыщыпсэльащ тхьилъым елэжьахэм щыщхэу **Сэбанды РоззэрЕфэнды Джылахьэстэмрэ**, Тимборэ кьыдэлажьэу, и Іэзэну щытахэр.

Кьэпсэльахэм кьыхагъэщащ тхьилъыр икъуэдІэ хьэлэмэту зэхэгъэуха зэррыхьаР, абы щэблэр нэІуасэ хэщІыкІэ зэрыхуейр, Мэлбахьуэм и гупсысэхэм ноби мыхьэнэшхуэ зэрая Іэр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Нэхунэ.

●ЩІыналъэ Іуэхущ

«Исльэмейр» пащтыхьым ирегъблагъэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм уэрэдмрэ кьафэжькІэ и къэрал ансамблым Иорданым и пащтыхьым и хэщІапІэм концертитІ щытынуц.***

АДЫГЕЙМ Щэнхабзэмкі э и министерствэм кьызэриТамкІэ, Нэхей Асльэн зи унафэщІ, дуней псом щыщІэрыІуэ «Исльэмей» кьэфакІуэ гупыр пащтыхь АбдалІэ ЕтІуанэм иригъблагъэщ Иорданым и кьэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапІэм хэтыну.

«Исльэмейм» и ятІ концертым кьрихьэлІэнущ АбдалІэ ЕтІуанэмрэ абы и щхьэгъуэ Раниерэ. Апхуэдэуи абы епльынущ щІыпІэ правительствэм хэтхэр, депутатхэр, изгъэущІхэри. ЕтІуанэ концертыр ятынущ Иорданым щыпсэу адыгэхэм папщІэ.

Кьыхэдгъэщынщи, «Исльэмей» кьэфакІуэ гупыр Иорданым ятІэу щыкІуар 1994 гъэрщ.

Билан Димэ и цІэкІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Усть-Джегута районым и унафэщІ Лайпанов Азнор иджыблагъэ зэрыкьыкІэ, «Европейскиер-2009»-м щытекІуа Билан Димэ и цІэр фІащащ куэйм и сабий музыкэ еджакІэм.***

АПХУЭДЭ унафэр ящащ Усть-Джегуту районым и Іуэхущапі эм и Іэдакъэ. Билан Димэ и цІэр зэзыхъэ хьуа сабий куэдым щІэныгъэ 1983 гъэм кьызэІуахащ, абы сабий 470-м нэблагъэ щыІэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псалъэ»

къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэдэкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2008 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапі э псоми.

Ди индексыр 51531

Мурад нэхъыщхьэр

Руслан кьыхилъхьэри, зэІущІэм щыхэпІащ «КЪБР-м Административнэ кьуаншагъэхэмкІэ и кодексым зэхьуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и законым и проектым. Доклад зыщІам зэрыжиІамкІэ, а документыр ягъэхьэзыращ КЪБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм иригъэкІуэкІ къэрал финанскІэльпытІныныгъэм сэбэныгъэуы кьихьыр кьэІэтын папщІэ хуэІэтын папщІэ.

Президиумым и зэІущІэм зыщыхэпльэ документхэр депутатхэр елэжьын папщІэ хуагъэхьащ.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ УФ-м и адрей субъектхэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкІыным теухуа жэрдэму кьагъэхьахэм ящыщ зыбжанэм. Абыхэм ящыщ УФ-м и Налог кодексым, УФ-м и Бюджет кодексым зэхьуэныныгъэхэр хэлъхьэным теухуа законопроектхэр. Ахэр депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ Бюджетныжмкі э, налогхэмкі э, финансхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Ахъуэхуэ Кьанщокий**.

Языныкъуэ сымаджэхэр езыхэм я фІэфІныгъэм темыщІыхьауэ экьэн узыр щагъэхъуэ сымаджэщ хэхахэм щІэтъгъуэльхьэныр кьыхэзыгъэпэщ кьыхэзыгъэпэщ хабзэхэр кьэщтэным теухуауэ кьэралым и Іэтащхьэхэм зэрызыхуагъаз документыр зэІущІэм щІэсащэм я пащхьэм кьрилъхьащ ЕгъэджэнныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, узынщагъэр хьумэныжмкІэ комитетым и унафэщІ **Иванов Игорь.** Абы и кьуэдзэ Дадэ Исмел кьэпсэльащ «ЕгъэджэнныгъэмкІэ и Іэхэхьэ» УФ-м и Законым, «Профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэмрэ вуз нэужьым ирагъэгъуэт профессиональнэ щІэныгъэмрэ я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 5 статьям зэхьуэныныгъэхэр хэлъхьэным хуэунэтІа законопроектхэм ятеуХуауэ.

ЩэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэхэущапі эхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Іэпщэ Заур** Президиумым хэтхэр щыгъуазэ ищІащ «Комерцэм пымыщІа Іуэхущапі эхэм я Іэхэукіэ», «Жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я Іуэхукіэ» федеральнэ законхэм зэхьуэныныгъэхэр хэлъхьэным хуэунэтІа жэрдэмхэм.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлими** кьэпсэльэныгъэр теухуауэ щытащ нэхъ мащІэ дыдэу ят лэжьащІэр цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъщэм хуэдиз щІыным, Чернобыль АЭС-м и кьыщыхьуа гуэвэгъэуэм кьыхэкІыу радиацэм и зэран зэкІэхэм, абыхэм ятІэльыта адрей цІыхухэм защІэгъэкъуэныным теухуауэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщым зэрызыхуагъазэм.

Парламентым и лэжьыгъэр кьызэрэпэщыныжмкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьипсэльам едаІуэри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ КЪБР-м и Правительствэмрэ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балькъэр ЩІэныгъэ центрым рэ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ Хьэщхьуэжь Раисэ, «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэралыгъэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал Іуэхущапі эм урысыбзэмрэ бзэ щІэныгъэхэмкІэ и кафедрэм и профессор Щэрдан Іэбу сымэ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ. ЗэІущІэм и кІэуным Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ **Сэхьу Владимирр**э Аграрнэ политикэмрэ щІыупсэр кьэгъэсэбэныныжмкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ **Мэремыкьуэ Сэфарбийр**э депутатхэм хуаІуэтэжащ езыхэр лэжьыгъэ Іуэхукіэ екжьуэ зэрыщытам кьрикІуехэр.

БАТЫР Любэ.

● Іуэху щхьэпэ

Атлетикэ хьэлъэмкІэ федерацэм и президент Бечелов Ильяс

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм атлетикэ хьэлъэмкІэ и федерацэм и конференцыр республикэм и Парламентым и Уэрэм щекІуэкІащ. Абы кьрихьэлІащ республикэм и кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэр кьыщызэІуихым КЪБР-м Физкультурэмрэ спортымкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІ АфІуэнэ Асльэн тепсэльыхьащ федерацэр зытелэжьну мурадхэмрэ абы кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэмрэ. Къэпсалъэм кьыхигъэщащ спортым зегъэужьыным иужьрей зэманым республикэм гулъытэшхуэ зэрыщыхьащІыр. Абы и щыхьэтщ спорт лІэужьыгъуэ щыхьэуэхэм я федерацэхэм я унафэщІу КЪБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ хэтхэм ящыхэр хэхьным теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым жэрдэм кьызэрихьлъхьар.

КЪБР-м атлетикэ хьэлъэмкІэ и федерацэм и президенту хахьи папщІэ АфІуэнэ Асльэн кьигъэльэгъуащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Бечелов Ильяс и кандидатурэр. Абы папщІэ конференцым кьрихьэлІа псоми зэакьылэгъуу Іэ яІэтащ. Федерацэм и вице-президенту КЪБР-м транспортымкІэ, связымкІэ, гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министр Сунш Ануарбий, гъэзэщІакІуэ директору атлет цІэрыІуэ Уэзрокъуэ Артур, жэуапІ зыхь секретару спортымкІэ гъэсакІуэ Натсуев Хьэжмурат сымэ хахащ. Конференцым и делегатхэм ящыщу къэпсэльахэм кьыхагъэщащ зи цІэ ищхьэкІэ кьыщитІуа-хэр зэрыхахам и фІыщІэкІэ атлетикэ хьэлъэм зыужьныныгъэ ирыльагъу игъуэтыну кьызэралыгъэр.

Бечелов Ильяс делегатхэм фІыщІэ яхуищІащ я дзыхь кьызэрыгъэзэм папщІэ икІи ди спортсменхэр тэмэму урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хэтныжмкІэ сыт и лъэныкъуэкІи защІигъэкъуэну кьигъэгугъащ. Абы кьыхигъэщащ ди гъунэгъу щІыналъэхэм щыІэ лэжьэкІэм дерс кьыхэхьын зэрыхуейр. «КьызэрыслытэмкІэ, зыхуофащІ ІэпщІагъэлІхэр хэту дызэдлажьэмэ, дэ тхуэзфІэкІынуц КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен ятпэкІэ дгъэхІугъэну дзыхь кьытхуищІа спорт ІэнатІэм тэмэму зедгъэужьын. Зэи зыщыдгъэгъупщэ хьунукьым спортым дихьэха щІалэгъуалэр Іуэхунщэу уэрамым кьызэрыдэмынэур», - кьыхигъэщхьэхукІащ спикерым.

Бечелов Ильяс апхуэдэу жиІащ федерацэр зэрылэжьну планыр щІэщтэным теуХуа зэІущІэ мыгувэу зэрыригъэкІуэкІынур икІи абы республикэм и кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэр, КЪБР-м Физкультурэмрэ спортымкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІхэр кьызэрихьэлІэнур.

Конференцым хэтащ Урысей Федерацэм атлетикэ хьэлъэмкІэ и федерацэм и вице-президент Полетаев Петр. Кьызэхуэсахэм я пащхьэм кьыщыщІэсалъэм абы жиІащ законхэр кьыдэзыгъэкІ органым и деж мыпхуэдэ зэІущІэ щрагъэкІуэкІыу иджы фІэкІа зэрыриМыхьэлІар икІи а Іуэхум тхыдэ мыхьэнэ иІэу кьызэрильытэр. АдэкІэ абы кьыщІигъащ спортсмен Іуэхэр гъэсным сыткІи хуэщІа лъабжьэ республикэм щыІэ зэрыхьуар. Абы кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балькъэрым и атлетхэм кьэралым щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытІэу увыпІэ лъагэхэр кьышцахьащ, Урысейм и командэ кьыхэхам хэту ахэр екІуу дунейпсо утыкум ихьащ. Полетаев Петр республикэм атлетикэ хьэлъэмкІэ и президенту щІэуэ хахам ехьэлІэныгъэхэр зэрыхуащ икІи абы сыт и лъэныкъуэкІи кьыдэІэпыкъуну кьигъэгугъащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапі э.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и зи чэзу зэІущІэр КЪБР-м и Парламентым и спикер Бечелов Ильяс иригъэкІуэкІащ. Абы депутатхэр Іуэху зэмылІэужьыгъуэу щІэщым щигъэм щыхэпльащ.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал къулыкъухэм я реестрым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал граждан Іэнатіэм и къулыкъухэм я реестрым я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхьэныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и законым и проектыр зэІущІэм кьыщыхилъхьащ Законодательствэмкіэ, къэрал уху эныгъэмкІэ, щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхуэхэмкі э комитетым и унафэщІ и кьуэдзэ **Гилиев Борис**

Аграрнэ политикэмрэ щыІэпсэр кьэгъэсэбэпыныжмкІэ комитетым и унафэщІ**Несутулов Викторр**Президиумым и зэІущІэм кьыщыпсэльащ «ЩІым щІэль хьугъуэфІыгъуэхэм я Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законыр федеральнэ законодательствэм егъэзэгъыныным хуэунэтІауэ хальхьэ зэхьуэныныгъэхэм я Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законыр федеральнэ законодательствэм егъэзэгъыныным хуэунэтІауэ Экономикэ политикэмкІэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Ахъуэхуэ Кьанщокий**.

Языныкъуэ сымаджэхэр езыхэм я фІэфІныгъэм темыщІыхьауэ экьэн узыр щагъэхъуэ сымаджэщ хэхахэм щІэтъгъуэльхьэныр кьыхэзыгъэпэщ кьыхэзыгъэпэщ хабзэхэр кьэщтэным теухуауэ кьэралым и Іэтащхьэхэм зэрызыхуагъаз документыр зэІущІэм щІэсащэм я пащхьэм кьрилъхьащ ЕгъэджэнныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, узынщагъэр хьумэныжмкІэ комитетым и унафэщІ **Иванов Игорь.** Абы и кьуэдзэ Дадэ Исмел кьэпсэльащ «�егъэджэнныгъэмкІэ и Іэхэхьэ» УФ-м и Законым, «Профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэмрэ вуз нэужьым ирагъэгъуэт профессиональнэ щІэныгъэмрэ я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 5 статьям зэхьуэныныгъэхэр хэлъхьэным хуэунэтІа законопроектхэм ятеуХуауэ.

ЩэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэхэущапі эхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Іэпщэ Заур** Президиумым хэтхэр щыгъуазэ ищІащ «Комерцэм пымыщІа Іуэхущапі эхэм я Іуэхукіэ», «Жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я Іуэхукіэ» федеральнэ законхэм зэхьуэныныгъэхэр хэлъхьэным хуэунэтІа жэрдэмхэм.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлими** кьэпсэльэныгъэр теухуауэ щытащ нэхъ мащІэ дыдэу ят лэжьащІэр цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъщэм хуэдиз щІыным, Чернобыль АЭС-м и кьыщыхьуа гуэвэгъэуэм кьыхэкІыу радиацэм и зэран зэкІэхэм, абыхэм ятІэльыта адрей цІыхухэм защІэгъэкъуэныным теухуауэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщым зэрызыхуагъазэм.

Парламентым и лэжьыгъэр кьызэрэпэщыныжмкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьипсэльам едаІуэри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ КЪБР-м и Правительствэмрэ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балькъэр ЩІэныгъэ центрым рэ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ Хьэщхьуэжь Раисэ, «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэралыгъэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал Іуэхущапі эм урысыбзэмрэ бзэ щІэныгъэхэмкІэ и кафедрэм и профессор Щэрдан Іэбу сымэ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ. ЗэІущІэм и кІэуным Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ **Сэхьу Владимирр**э Аграрнэ политикэмрэ щІыупсэр кьэгъэсэбэныныжмкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ **Мэремыкьуэ Сэфарбийр**э депутатхэм хуаІуэтэжащ езыхэр лэжьыгъэ Іуэхукіэ екжьуэ зэрыщытам кьрикІуехэр.

БАТЫР Любэ.

КІуэкІуей Мухьэмэд къулыкъущІэ къыхуагъэфащэ

ХХУЭНЫГЪЭМ и Іэнатіэм екъулІэныгъэ иІэу щолажьэ «Къэбардайкъагропромстрой» акционер обществэ зэІуахр. Абы и зэфІэкІым Урысей псор щыгъуазэщ. Къэбэрдей-Балькъэрым и кьуажэ хууакІуэхэм ильъэс кьэд льандэрэ я Іэтащхьэ КІуэкІуей Мухьэмэд УФ-м щІыхь зиІэ и ухуакІэщ, техникэ щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Урысей Федерацэм Естественнэ ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и член-корреспондентщ.

Ди лъахэгъум и зэфІэкІыр кьалъытэри, иджыблагъэ ар «Кьуажэ хууакІуэхэм я центральнэ зэгухьныгъэ» акционер обществэ зэІухам и вице-президенту, а Іуэхущапі эм и хэщІапІэу Ипщэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІу ягъуэващ.

● Дзюдо

Джданэ Алим Пекин макІуэ

УФ-м дзюдомкІэ и федерацэм и президиумым и зэІущІэ екІуэкІащ. Абы кьыщыхахащ 2008 гъэм Пекин щыкІуэхэтыну Гъэмахуэ Олимп Джугуэм Урысей Федерацэм и щІыхьыр щахъумэну дзыхь зыхуащІыну бэнакІуэхэр.

КЪЭРАЛЫМ и командэ кьыхэхам хэхуащ КІыщмахуэ Руслан (Ставрополь, кг 60), Джаданэ Алим (Налшык, кг 66-рэ), Межидов Саламу (Аргун, кг 73-рэ), Башкаев Албэч (Черкесск, кг 81-рэ), Першин Иван (Челябинск, кг 90), Гасымов Руслан (Санкт-Петербург, кг 100), Тменов Тамерлан (Владикавказ, кг 100-м щІигъу) сымэ. Тренер нэхъыщхьэр Табаков Сергейщ.

УФ-м и командэ кьыхэхар щыІэхагъэувэм кьалытагр спортсменхэм дунейпсо зэхьэзэхуэхэм блэкІа ильэсымрэ дыдэрэ щыкІуар кьыщагъэльэгъуа екьулІэныгъэхэмрэ абы кьрикІуэу рейтингым щаІэ увыпІэхэрщ. Ди жагъуэ зэрыхьуащ, абы хэхуакъым кьэдкІэ дызыщыгугъа дзюдоист цІэрыІуэхэу Тау Хьэсэнбийрэ Унэшхуэлі Асльэнрэ.

Джаданэ Алим дехьуэхьунщ дунейпсо спорт утыкуищхэм екьулІэныгъэ щиІэну, текІуэныгъэшхуэ кьиІуа хьэуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьигъэзэжащ.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

●Пэпкъ Іущыгъэ:

Хуэмыху унафэ щІынкІэ Іэзэщ.

Илъэс 82-м иту

Илъэс 82-нэм иту Санкт-Петербург дунейм щесыжащ Поцилгиром хэта Романов Григорий.

1970-1985 гъэхэм ар Ленинград кьалэм и парт унафэщІ щытащ. А лъэхъэнэм СССР-м и Іэтащхьэ кьыщкьур яІэщІэльащ Брежнев Леонид, Андропов Юрий, Черненко Константин сымэ.

(ИТАР-ТАСС).

♦Залымыгъэм ихьа сабий лажьэншэхэм я Дунейпсо махуэщ. 1982 гъэм щыщхьэІум и 19-м Палестинэм и Іуэхуэхэмкі э ООН-м и Ассамблее Нэхьыщхьэм и сессие хэхам и унафэкІэ ягъэуващ.

♦Ингушскэ Республикэм и махуэщ. 1992 гъэм мэкъуаугъэгъуэм и 4-м УФ-м Совет Нэхьыщхьэм кьыщтащ Урысей Федерацэм хэту Ингушскэ Республикэ кьызэрызэрагъэпэщыным теухуа унафэ (1993 гъэм дыгъэгъазэм и 3 льандэрэ УФ-м хэт Ингушскэ Республикэщ).

♦ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1933) кьалъхуащ СССР-м, РСФСР-м, Куржым щІыхь зиІэ я тренер, Урысейм спорт бэнэкІэмкІэ и Федерацэм и вице-президент, РСФСР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, РАО-м и член-корреспондент, Красноярскэ куейм бэнэкІэ хуитныкІэ и федерацэм и президент **Миндиашвили Дмитрий.**

♦ Илъэси 110-рэ и пэкІэ кьалъхуащ автомобилхэмкІэ конструктор, РСФСР-м щІэныгъэмрэ техникэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтхэм (1942, 1943,1947, 1950, 1951) я лауреат Липгарт Андрей (1898 - 1980).

♦ Илъэси 105-рэ и пэкІэ кьалъхуащ совет дирижер, Ленинград консерваторэм и профессор, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и Лы-хьужь, Лениным и саугъэтымрэ (1961) СССР-м и Къэрал саугъэтымрэ (1977) я лауреат **Козлов Леонид.**

♦ Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1943) Налшык щекІуэкІащ республикэм и щІыхьэхэм фашистхэм я биІуэ я къызэрагъэпэща пэкІуэ.

♦Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 25-м, кьухьэжыщ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 46-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 21-рэ.

ИлІэныгъэ зыгъэхьэзырар ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Джаданэ Алим

«Адыгэ псалъэ»

къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэдэкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2008 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапі э псоми.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутат Соттаев Къурмэн Сеит и кьуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу зэпыгъуным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхукі»э Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и яп Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм кьыбГъэдэкІыу республикэ хэхьыпІэ округ зэгуэтым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутату щыхаса Соттаев Къурмэн Сеит и кьуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу кьэгъэувыІэн.

2. Соттаев Къурмэн Сеит и кьуэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, спортымкіэ, туризмэмкіэ, цІыхубэ хьыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ и комитетым кьыхэгъэкІыжын.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№1422-П-П

Абазэ Хьэсэн Хьызыр и кьуэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукі»э Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1.**Абазэ Хьэсэн Хьызыр и кьуэр** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Шэрэдж районым и суд участкэ №2-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукі»э Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№1423-П-П

Дзгужьей Олыгэ Геннадий и пхъур Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукі»э Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. **Дзгужьей Олыгэ Геннадий и пхъур** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іуащхьмахуэ районым и суд участкэ №1-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэу ильэситу пІалъхІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№1424-П-П

Льюстэн Асльэн Юрий и кьуэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукі»э Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. **Льюстэн Асльэн Юрий и кьуэр** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Тэрч районым и суд участкэ №2-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэу ильэситу пІалъхІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№1425-П-П

Тхьэгъэлэдж Залым Тэхьир и кьуэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукі»э Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. **Тхьэгъэлэдж Залым Тэхьир и кьуэр** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Лэскэн районым и суд участкэ №2-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэу ильэситу пІалъхІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№1426-П-П

Урыс Иринэ Уэлий и пхъур Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукі»э Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. **Урыс Иринэ Уэлий и пхъур** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №2-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэу ильэситу пІалъхІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№1427-П-П

ФІэщмыхъу Тимур Борис и кьуэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукі»э Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. **ФІэщмыхъу Тимур Борис и кьуэр** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №6-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэу ильэситу пІалъхІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№1428-П-П

Хьэщхъуэжь Роман Александр и кьуэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукі»э Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. **Хьэщхъуэжь Роман Александр и кьуэр** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №14-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэу ильэситу пІалъхІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№1429-П-П

Шатиловэ Иринэ Василий и пхъур Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукі»э Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1.**Шатиловэ Иринэ Василий и пхъур** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №12-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэу ильэситу пІалъхІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм накьыгъэм и 28-м
№1430-П-П

• Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэхэр исльэмей кьофэ.
Сурэтыр **ВЕРЕЩАГИН** *Василий (1842 - 1904) ищІащ. 1867 гъэ*

• Дин Іуэху

Ислъамымрэ щэнхабзэмрэ

Хьыбар зэрывэгъэзэщІащи, махуэ у, мэрем кІуахэм Налшык щекІуэкІащ Дуней пэр ислъам Іуэхущіапіэм, ислъам щэнхабзэм, щІэныгъэм, егъэджэныгъэм я псапащІэ фондым, КъБР-м гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым, ди республикэм ЩІалэгъуалэ Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгуэныгъэхэмкІэ и комитетым къызэрагъэпэща щІэныгъэ-практикэ конференцыр. ислъамымрэ льэпкъ щэнхабзэмрэ я зэпыщІэныгъэхэм зэфІагъэкІ Іуэхугъуэхэм, кьапэщыт кьалэнхэм теухуар.

ЗЭХУЭСЫМ кьрихьэлІат зи гугъу тщІа Іуэхущіапіэхэм я унафэщІхэр, Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм кьыкІа щІэныгъэлІхэр, кьэрал, дин лэжьакІуэхэр, журналистхэр.

Конференцыр иригъэкІуэкІащ гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ институтым и унафэщІым и кьуэдзэ Теттуев Алим. Къызэхуэсахэм захуигъазэри, КъБР-м и Президентым и тэнджэщэгъу Думэн Хьэсэн и псальэм кьыхигъащащ зэи хуэмыдэжу мы зэманым динымрэ щэнхабзэмрэ я мыхьэнэр зэрыпинр, абы кьыхэкІыу республикэм и унафэщІэм а Іу зэхуГъуэхэм гулъытэшхуэ зэрыхуащІыр, Президент Кьанокьуэ Арсений зэхуэсым кьрихьэлІахэм кьаззэрехуэхуэр, ФсуГ-лЭнГыгъ я яІэнуи зэригуапэр. Думэным ибзащІакъым, Кавказ Ищхьэрэм и адрей щыналъхэмэи щ/эдзу, Къэбэрдей-Балькъэрми диным зэрызыщиужь щыкІэм ныкъуСаныгъэ зыкъом зэрыкэлЫыр, ахэр гъэмщІынм, гъэкІуэдыным хуэунэтІауэ Іуэхугъуэ пыухыкІахэр щІэныгъэлІхэмрэ диным и лэжьакІуэхэмрэ республикэм и дэтхэнэ жылагъуэми (псом хуэмыдэу кьуажьхэм) зэрыщІэзэфІагъэкІыпхэр.

- Зэманым ди пащхьэ кьрегъэувэ кьалэныщІэ Іэджэ, - жиІащ Дунейпсо ислъам Іуэхущіапіэм и президент Халилов Тіальгъ. - Дыбэлэрыгъ хьунукъым, ислъам хабзэхІэхэм кьащхьэщыж хуэдэурэ, зыкьытхагъэпшахьэу щІэпхьаджащІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, ди бий кьэралхэм кьыдаутІыпщхэм, фІы зигу имылъхэм. Абыхэм дазэрыпэлъэщыныр дызэгъуэзмэщ, кьару зэжьэгъэкІэ диным и пэжым, хьэхуагъэ нэсым дыхуэлажьэмэщ.

Зи унафэщІ Іуэхущіапіэм и тхьдэм мы зэманым зэфІигъэкІ лэжьыгъэхэм, щІэгъэкъуэнифІ кьыхуэхъу кьэрал, жылагъуэ, дин лэжьакІуэхэм я гугъу ищІри, Халиловыр щыгтхъуащ Кавказ Ищхьэрэм щыІэ дин Іуэхущіапіэхэм я Іэзэгъэ'Іу центрым и унафэщІ Бердиев Исмэхьил.

Ислъам, щэнхабзэ Іуэхущіапіэхэр Кавказ Ищхьэрэм зэрыщІэзэхущытым, уэхьхэбийхэр, «миссионер» жьыхуаІэ лЫкІуэ мыщхьэпэхэр Кавказ Ищхьэрэм щыІэ щІэхьуа щхьэгъэсыгъэхэм я гугъу ищІри, Бердиевым жиІащ диным хьэлэлу бгъэдэт муфтийхэр, Іимамхэр, кьэрал жылагъуэ лэжьакІуэхэр зэрагъэпажэ Іэмал хьарзынэ щыІэ зэрыхъуар, гъэ кІуам кьыщыщІэдзауэ апхуэдэ цІыхухэм «За заслуги перед уммой», «За утверждение духовных ценностей» орденхэр зэрыратыр, апхуэдэ тыгъэ лъапІэхэр мы зэхуэсми щигъэшыну зэримурадыр.

Кьызэхуэсахэм я Іэгуауэм щІэту «За заслуги перед уммой» орденым и етІуанэ нагьыщэр лъагэс Къэбэрдей-Балькъэрым и мусльымэнхэм я Іуэхущіапіэм и унафэщІ, муфтий Пщыхьэщіэ Іэнас. Апхуэдэ орден фэеплъ хуащІ Кавказ Ищхьэрэм ис мусльымэнхэм я муфтийуэ я зэман зыбжанэкІэ лэжьа, дунейм екъыжа Геккиев Мыхьмуд. Тыгъэ лъапІэр Іэщіалъхьэ абы и кьуэ Руслан.

«За утверждение духовных ценностей» орденымкІэ хуоупсэ Кавказ Ищхьэрэм и ислъам университетым и ректор Чочаев Шарафутдин, КъБР-м и мусльымэнхэм я Іуэхущіапіэм и унафэщІым и кьуэдзэ Дзасэжь Хьэзрэталий, Шэрэдж районым и раис-Імам Циканов Мухьэдин, Прохладнэ, Май районхэм я Іимам нэхьащхьэ Нэгъуей Хьэсэнбий, Налшык щылажьэ Іимам Тхьэзэпльыж Хьэбас сыиэ.

Зэхуэсыр кьыдэзыгъэпэщахэм, тыгъэ льапІэхэр зи гукъэкІхэм фІыщІэ яхуищІри, Пщыхьэщіэ Іэнас кьыпищащ динымрэ щэнхабзэмрэ зэкъуэтын зэрыхуэфм теухуа псальэмакъым. «Зэранышхуэ кьытхуохьу мусльымэныгъэ зыхуэгъэзар хьэгъэлЫныгъэ, гуауэ дауэдапщэхэм я зэпхъуэу кьэзыльытэхэр - жиІащ абы, - Ислъамыр куущ. Ар дджын зэрыхуейри, дауи, ди бийхэм кьытЫэщІалъхьэну зыхэт тхьылъэмкІэкъым».

Іэнас и гупсысэр даІыгъыуэр, динымрэ щэнхабзэмрэ зэрыщэпыщІар, абы щыкъэт техьуэ щапхьэхэр зэрыкъэдыр жаІащ гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ институтым и щІэныгъэлІ нэхьыщхьэ, тхьидэмкІэ еджагъэшхуэ Мамбэт Хьэлым, Осетие Ищхьэрэм и щІэныгъэ-кьэхутакІуэ институтым и лэжьакІуэ Дзераев Тимур, КъБКъУ-м и егъэджакІуэ-хэу Унэж Кашиф, Теттуев Борис, Кьалмыкъ Жылэбийи, мусльымэнхэм я Іуэхущіапіэм и унафэщІым и кьуэдзэ Сыжажэ Алим, гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ институтым и лэжьакІуэхэу, Биттировэ Тамарэ, Аккиевэ Светланэ, нэгъуэщІхэми.

Зэхуэсым хэтахэм зэдзэрэзыуэ кьызэрадэта унафэм кьыхощ, кьэбГъэльагъуэмэ, мыпхуэдэ гупсысэхэр:

Ислъамыр быдэу хэпщІащ адыгэ, балькъэр льэпкъхэм я хабзэ куэдым, а хабзэхэр ефІэкІуэнымкІэ сэбэп хьуащ, цІыхубэм и гъащІэм льэныкъуэ куэдкІэ хууващ ІэужьыфІхэр яІэу. Абы кьыхэкІыу эрран зыпылъу кьэтІыльатІапхъэщ динымрэ хабзэмрэ зэпэщІэуэу, зэныкъуэкъуу, зэ хэгъэщхьэкухІкІи хуейуэ кьэзыгъэувэ псальэмакъэхэр. Абыхэм япэдгъэувыпхъэщ диным, щэнхабзэм я хьуГъуэфІыгъуэхэр джыным, дин зэмылІэужьыгъуэхэм я зэпыщІэныгъэхэр, лъэпкъ зэхуэшІыкІэхэр егъэфІэкІуэнымк Іэ Іуэхугъуэ купщІафІэ. НэхъыфІу кьызэрэгъэщІыпхъэщ егъэджакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм, дин лэжьакІуэхэм, журналистхэм, политикэ, жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм я зэпыщІэныгъэхэр, щІэблэр узынщэу, зэчиныфІэу кьэгъэхъуным теухуа Іуэхугъуэ щхьэпэхэр.

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий.

• Узыншагъэ

Щыгъупщэх умыхъун папщІэ

***Жьы хьуа цІыхум зэгуэр еджапІэм къыдыщІэсамрэ а лъэхъэнэм пыщІа Іуэхухэмрэ фІы дыдэу ещІэж. ИмыщІэжыр дыгъуасэ кьыкуэзамрэ зытепсэльхьамрэщ. Ныбжьым емылытауэ щыгъупщэхъуэхэм мащІэкъым. Сыт ар къыхэжьжьар? Щыхур жьы щыхъум и деж щхьэкуцІым кІуэ кислородыр мащІэ мэхъури, щыгъупщэныр къызыхэкІыр арауэ жаІэ дохутырхэм.**

ИУЭКЪРЕЙзэманым медицинэм и Іэщіагъэлі цІэрыцІуэхэр зытегуэзэвыхьыр нэгъуэщІ Іуэхуці. Зи ныбжькІэ щІалэ куэдыр нобэ щхьэ щыгъупщэхьу щыт жьитІэри дэ зыхуэдгъэзащ республикэм и сабий дохутыр нэхъ Іэзэхэм ящыщ, Къэбэрдей-Балькъэрым щыхъ зиІэ и дохутыр, категорие нэхъыщхьэ зиІэ Жыгун Людмилэ Тэзэрэт и пхъум.

- Абы щхьэусыгъуэ куэд иІэщ. ПсапІэм папщІэ, сабийр ныбжьм щІыпІым кислородыр хуримыкъуамэ, гугъу ехьу кьалъхуамэ, и анэр сымаджэу щытамэ а псори сабийм зэран хуэхъунущ. Дунейм кьытехьа и ужькІэ вирус зэмылІужьыыгъуэхэр хьэлъэу пкрытамэ, адэкІи цІыхур нэхъ сымаджэрилэу, кьарурушІэу щытщ. Абы хохьэж тэмэму мышхэныр, зимыгъэпсэхуныр. Апхуэдэм деж цІыхур нэхъ тэмакьыкІэщІи мэхъу. Мы зи гугъу сщІахэр цІыхур щыгъупщэхъуным и щхьэусыгъуэхэрщ. Ауэ зыхуэсакъыжмэ, зыкІэлъыпІыжмэ, дохутырхэр зригъэпІымэ, хуэм-хуэмурэ псори тэмэму зэтеувэжынущ.

Ди жагъуэ зэрыщъынщи, нобэрей щІалэгъуалэм яхэтщ фадэм, тутыным, наркотикым дилъэхахэр. Дауи, ар сыт и лъэныкъуэкІи зэрянышхуэщІ. Абы и мызакъуэу ар тэмакъкІэщІрэ къэгубжьыгъуафІэмэ, езым жиІар пкиГъэкІыну ныкъъэкъуэрейм, ишьын-ищІэнкІэ пщэрей махуэм иригъэвзэу псэумэ, щхьэм екІуалІэ пьынтхуэхэр абы зэхуеІэзри, льыр фІыуэ земыкІуэу мэхъу. ИтІанэ машинэ зэжьэхуэрэм хэхуамэ, щхьэм удын игъэтэмэ, лы пцІар щхьэкъуакІэм ириубыдэнкІэ мэхъу. Абы зимыГъэхъужмэ, щхьэусыр кьыхуиненущ, щыгъупщэхъунущ.

Щыгъупщэх хъунныр нэгъэщІ щхьэусыгъуэхэми кьыщыхэкІщІ щыІэщ. Псалъэм папщІэ, ныбжьыщІэр кььбГъэдэмыкІыу телевизорым, компьютерым бГъэдэсмэ, нэхъыбГэу зэпльри зауэрэ зэрыукІмэ, абы и гур хегъэщІри «стресс» жьыхуэІэм хуэдэ кьрет. А псори щхьэм и зэранщІ ныМ и щхьэусыгъуэхэрщ. Ауэ зыхуэсакъыжмэ, зыкІэлъыпІыжмэ, дохутырхэр зригъэпІымэ, хуэм-хуэмурэ псори тэмэму зэтеувэжынущ.

Ди жагъуэ зэрыщъынщи, нобэрей щІалэгъуалэм яхэтщ фадэм, тутыным, наркотикым дилъэхахэр. Дауи, ар сыт и лъэныкъуэкІи зэрянышхуэщІ. Абы и мызакъуэу ар тэмакъкІэщІрэ къэгубжьыгъуафІэмэ, езым жиІар пкиГъэкІыну ныкъъэкъуэрейм, ишьын-ищІэнкІэ пщэрей махуэм иригъэвзэу псэумэ, щхьэм екІуалІэ пьынтхуэхэр абы зэхуеІэзри, льыр фІыуэ земыкІуэу мэхъу. ИтІанэ машинэ зэжьэхуэрэм хэхуамэ, щхьэм удын игъэтэмэ, льы пцІар щхьэкъуакІэм ириубыдэнкІэ мэхъу. Абы зимыГъэхъужмэ, щхьэусыр кьыхуиненущ, щыгъупщэхъунущ.

Щыгъупщэхъунныр нэгъэщІ щхьэусыгъуэхэми кьыщыхэкІщІ щыІэщ. Псалъэм папщІэ, ныбжьыщІэр кььбГъэдэмыкІыу телевизорым, компьютерым бГъэдэсмэ, нэхъыбГэу зэпльри зауэрэ зэрыукІмэ, абы и гур хегъэщІри «стресс» жьыхуэІэм хуэдэ кьрет. А псори щхьэм и зэранщІ

<u>- Ди ныбжь хэкІуэта щыхур Іэмал имыІэу щыгъупщэхъун хуейуэ ара?! Апхуэдэу упщІэр зГъэува щхьэкІэ щыІэщ жьы дыдэ хьуами, и акъылыр иджыри жану. Сыт а тІум щхьэусыгъуэ зэхуэхъуэ?</u>

- Гурыхуэгъэр нэхъ пасэу зыфІэкІуэдзэр тэмакъкІэщІхэрщ, зы мыхьэнэшэ щхьэкІэ кьэльфэхэрщ. Ар кьыхэкІынкІи мэхъу, щхьэжьыбжащи, щхьэм удынышхуэ игъэтэмэ, гуауэщхуэ ильэгъуам щІэгъупсысу, ар и нэгу кьыщІэкІэ зэпльту щытмэ. Апхуэдэ щІыхум узыщхуэ хэкри, и щхьэр узырей мэхъу. ЩхьэкъуакІым льым фІыуэ кьыщІмыкІуэхьыжу щІедзэри, уеблэмэ и Іуэр, и уэшІэр щогъупщэж. Льыр фІыуэ зэрыземыкІуэм кьыхэкІкІэ и Іэхэр мэпІыщІэ, тхьэщІкумэхэр вуууэ щытщ. ГъащІэм фІы Іэджи зэрыхэлъыр уи фІэщ пщІыпрэ а фІым ущыгугъэмэ, узынщагъэр псори кьыщІежьэж щхьэри пхуэхъумэнущ.

<u>- Къэпхьа щэпхъэм и мызакъуэу, Людмилэ, курыт нЫбжьым итхэр щыгъупщэх мыхъун папщІэ ящІэн хуейр сыт?</u>

- ЛэжьапІэ Іут цІыхур куэдрэ щыгъэм хуейм хъунэ, щэрдж зыгъэпсэхуГъуэм щІыбым щІэкІрэ хьэуам хэтмэ, щхьэмкІи Іэпкъльэпкъыжмкіи сэбэпщ. Дзапэ хэрэдхэр, усэхэр гукІэ жыпІэу, тхьапЫ куэд уеджэу щытынырщхьэмкІэ сэбэпщ. Щхьныгъуэхэм я гугъу пщІымэ, бдзэжьейр, сэхуран дагъэ, кІэртІофр, хьуейр, гранат, къэбыста, мыЗэрыуэ, бжьыбн, бжьыныжу, джэш - абыхэм яхэлъ витаминхэр щхьэмкІэ сэбэпщ. ЦІыхур сыхьэтий-пщІыкІэ жеймэ и гурыхуагъэр зэтес мэхъуж, и псалъэхуэм (нервым) зегъэпсэху. Телевизор ущеплъкІэ Іэпхъуамбэшхэр адрей Іэпхъуамбэхэм щІэбГъакъуэурэ Іэпэ кьэс гъэрыгъуэурэ дакьикъищкІэ массак пщІымэ, гур тэмэму лэжьэнымкІэ сэбэпщ. Хьэуам нэхьыбоРэ хэту, ешы цІыхур зыхуэсакъыжу, и щхьэмкІи зэран хуэмыхъужу и сэбэп зригъэкІыжыфу дунейм тетмэ, нэхъыфІэ аращ.

<u>- Упсэу, Людмилэ. Зэман къэбГъуэту укъыззрыдэпсэльам папщІэ фІыщІэ пхудощ!</u>

КІЭБЫШЭ Лилэ.

• Лъэпкъ проект

Къапэщытхэр ягъэнаІуэ

<u>Ди газетым зэрытетащи, накьыгъэм и 30-м «Синдикэ» интур-хьэщІэщым щыхэхтащ «2012 гъэ пщІондэ къуажэхэм зэрызэужьынур» федерал программэ хэ</u>хам щыубзыхуа Іуэхугъуэхэр гъэзэщІэным теухуауэ мы итхэсым къуэ къаІэнхэм щытепсэльыхьа щІыналъэ семинар.

АБЫ ХЭТАЩ ЗрысеЙ Ищхьэ и щІыпІэ псомк щыщ хьэщІэхэр, республикэм и кьуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, щэныгъэлІхэмрэ Іуэхур зэгъэщІылІа Іэнатіэхэм я лЫкІуэжэмрэ.

Зытепсэльыхь федерал программэ хэхар гъэзэщІэным теухуауэ 2003 - 2007 гъэхэм зэфІагъэкІаэхэр зэхилъхьэжу доклад ищІащ УФ-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм жылагъуэхэм зегъэужьынымрэ социальнэ политикэмкІэ и Департаментым и унафэщІ **Торопов Дмитрий.**

Илъэси 5 блэкІам зэдгъэхъуЛІар мащІэкъым. Дэ кьытпэщытщ ахэр кууэ зэпкърытхуу 2012 гъэ пщІондэ кьэралым игъэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм зэрыщыубзыхуам тету Іуэхукіэ щІэдгъэбыдэну. Къуажэхэм я зыужьыныгъэр щІэдгъэхуэбжьэн, щІыхуэм я псэукІэр едгъэфІэкІуэн папщІэ, агропромышленнэ комплексым и ІэнатІ-эхэм я зэфІэкІым хэдгъэхьэнущ»,- кьигъэльгъуащ кьэпсэльым.

Абы зэрыжиІамкІэ, 2012 гъэ пщІондэ мэкъумэщ хозяйствэм зэрызэужьынымр теуха Къэрал программэр кьызэращтам кьэлэныщІэхэр кьигъэуващ, ахъ жэуапЫныгъэм хигъэхъуащ.

Илъэси 5 блэкІам федерал бюджетым кьыхэкІыу кьуажэхэр дэЫулъым сом мелард 16,6-рэ хухахащ, щІыналъэ бюджетхэм яйуэ мелард 48,5-рэ кьагъэсэбэпащ, бюджетым щымыщ мылъкуу сом мелард 51,5-рэ кьыхрагъэпхьащ.

«Къуажэдэсхэмрэ ЇэщІагъэлІ нЫбжьыщІэхэмрэ псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ нэгъабэ зыхуэдгъэувыжажэр щІигъуу дгъэзэщІащ, 2007 гъэм жылагъуэхэм ухуэныгъэжэр щедгъэкІуэкІащ метр зэбгъэнатІэу мелуани 2-м щигъум. Абы и фІыгъэкІэ къуажэдэс унагъуэу мин 34-м щигъум я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ. Къуажэ 585-м газ яхуэтшащ, жылагъуэ 300-м щІыгъуу псыкІэ кьызэдгъэпэщащ», - кьыхигъэщащ Торопов Дмитрий.

НужькІэ абы зэпхърыкращ 2012 гъэ пщІондэ мэкъумэщ хозяйствэм зэрызэужьынымрэ теухуа Къэрал программэм ипкъ иткІэ, илъэси 5 кьэкІуэнум кьапэщыткьалэнхэр. Торопов Дмитрий кьызэригъэльэгъуамкІэ, дяпэкІэ гулъытэ хэ ха хуащІынущ кьуажэ щІыпІэхэм автомобиль пъэгуэхэм зыщегъэужьыным. Адрейхэм хуэмыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрыр а Іуэхум жьыдэжу хэтщ.

Доклад зыщІам кьыгъэзгъуащ «2012 гъэ пщІондэ къуажэхэм зэрызэужьынур» федерал программэ хэ хам щыубзыхуахэр зэгъэзэхуЛІэным гъэззщІакІуэ властым и федерал, щІыналъэ органхэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ Іуэхущіапіэмрэ зэкъуэтУ елэжьын зэрыуэфр.

Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ министр **Ерчэн Темботэ** зэрыжиІамкІэ, ди республикэр ящыщщ кьуажэхэм зегъэужьыным теухуа программэр нэхъыфІу щагъэзащІэ щыналъэхэм.

«Псори зэуэ кьыдэмыхьулІэми, гъунэ хъарзынэ итлъагъуэ кьызэлъытэ. Тхьитхэр тэмэму гъэхъэзырыным куэд дыдэ ныГъщ. Абы и пІэнныкъэжкІэ дыбЭэпэрыгьыркъым, кьуажэ адміниСтрацэхэм сыткІи защІыдогъакъуэ, УФ-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм зэпымыууэ дыдоналажьэ. Мис абыхэмкІэ зэгГъэхъуЛІа хъуахэм щыгъуаэз зыхуащІэ нэхъ кьащтэу, мы Іуэхур ди деж кьыщыхахЪъащ», - кьыхигъэщащ министрым.

Семинарым щыІэпкърахащ жылагъуэхэм зэпІэзэрыту зэрызаужьынум теухуа зэпеуэм зэрыхэтыну щыкІэр.

УЭРЭЗЭЙ Рашид.

«Лъэпкъхэм я лъэмжхэр»

●Щэблэ

Ди газетым зэрытетащи, накъыгъэм и 26 - 29-хэм Налшык къалэ щекIуэкIащ Филатов Сергей и Фондым къызэригъэпэща зэIущIэ, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я тхакIуэ ныбжьыщIэхэм хухахар.

НАКЪЫГЪЭМи 26-м «Къуажьей хадэ» пансионатым щызэхэтащ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я ляэ зэIущIэр. Псоми гуапэ ящыхъуат бзэщIэныгъэхэм я кандидат Чурей Дыжьын хьэщIэхэм макъамэ дахэкIэ зэрапежар. Ялэ зэIущIэм къекIуэлIахэм яхэтащ «Дружба народов», «Знамя», «Иностранная литература», «Вайнах», «Нана», «Дарьял», «Монолит дайджест» журналхэм, газет зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, гулыитэ псори зэпхыжа, ди къуэшу республикэхэм я тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ ныбжьыщIэхэр. Апхуэдэу тхакIуэхэм я стIол хьурейм хэгъэрейуэ щысащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министр **Тут Заур**, КъБР-м и Президентым щIэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ и чанцэщэгъуэ **Думэн Хьэсэн**, КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и лIыкIуэхэу **Созаев Ахьмат, Кхъуэлуфэ Хьчим, Хьэх Сэфарбий** сымэ.

Думэныр кьеджащ КъБР-м и Президентым зэIущIам хэтхэм зэрызахуигъаз тхыгъэм.

- Си щхьэкIэ фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейт, мы зэIущIэр кьызэрыгъэгъэпщащ тхакIуэ ныбжьыщIэхэр литературэм зэрыхэтшэным дыпылъ икIи ди мурадыфIхэр кьыдэхъулIэну кьысщохъу. Ди дежкIэ гъэщIэгъуэнщ. Кавказым лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрисыр, бзэхэмкIэ зэрыкъулейр. Хьэлэмэткъэ-тIэ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм кьахэкIа тхакIуэхэм я гупсысэм нэIуасэ зыхуэпщIыныр?! Дэ кьыдолытэ, нобэрей кавказ литературэм Iэхъугъуэ зыбжанэ кьыпэщылъу, зэпэщIын хуейуэ. Псом нэхъри нэхъ кьыхэгъэщIапхъэри зэдзэкIакIуэ зэрыщымыIэрщ. Тхаелуэм и тхыгъэхэмкIэ лъэпкъхэр зэрощIэ, зэрощIыку. Аращи, «лъэпкъхэм я лъэмыжхэм» гулъытэ хэха яхуэщIыпхъщ. Дэри а Iэхъугъащ зетхуэр, - жиIащ Фондым и унафэщI Филатов Сергей кьыщыпсалъэм.

Апхуэдэу, зэIущIэм кьыщаIэта Iэхъугъуэхэм теухуауэ псалъэ иратащ Владикавказ къикIа тхакIуэ Бугулов Денис, Ингуш Республикэм кьыбгъэдэкIыу Чаниевэ Тамарэ, Шэшэн Республикэм и тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ Мусаев Сулимэн, КъБР-м и усакIуэ ныбжьыщIэ КъэжэрЛанэ, нэсаплъэ щыIэ.

КъБР-м щыщу зэIущIэм хэтащ тхакIуэ ныбжьыщIэхэу Шомахуэ Залинэ, Дзэгъащ- тэ Азэмэт («Шыхулъагъуэ»), «Свеча» литературэ студием и лIыкIуэхэу Теунэ Марьянэ, Узденовэ Иринэ, Газаевэ Аминат сымэ.

Филатовым зэрыжиIамкIэ, мы зэIущIэр кьызэрагъэпэщыным и пэ кьихуэу, фондым щыкуэ 50-м я тхыгъэ иратхэ ящыт. А 50-м щыщу 25 кьыхахри, зэхуашэсауэ ящащ, литературэ и лъэныкъуэкIэ я щIэныгъэм храгъэгъэхъуэну.

- Псом ящрауэ, КъБР-м и Президентым и псалъэ гуапэхэр фхуэсIуэтэжыну сыхуейт, - жиIащ Тут Заур, псалъэ щратам. - Кьанокъуэ Арсен кьывэхуэхъуэщIа, елъэгIэныгъэфIхэр фиIэну, фыщIызэхыжьа мурадхэр кьызэрыIэтыжыну. Си щхьэкIэ фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт Филатов Сергей, щIалэгъуалэм ядэпэжьэну зэман кьызэрагъуэтам папщIэ. Апхуэдэ гукъыдэж куэдым кьалъыкъуэкIыжьым иджырей зэманым. Си гугъэщ кьефьэжьа Iэхъугъуэм. Кавказым и лъэпкъхэм я закъуэ мыхъуу, Урысейм щыпсэу щыпсэу фочыкIэ зэпищIэну, зэныбжьэгъуэгъэ кьызэрыгъэщIапхъэ, ди лъэныкъуэкIэ, Кавказым и лъэпкъхэм я закъуэ мыхъуу, Урысейм щыпсэу псори фIыкIэ зэпищIэну, зэныбжьэгъуэгъэ нэхъ быдэ хуэным Пьабжэ хэхъуну, Ар щIалэгъуалэм кьыгуфIуэмэ, ди пщэдей нэху хуэну согугъэ. ТхакIуэр акъылкIи псэкIи щыхуэпащIу. Иджыри зы сыныбжьуэхъу ди лэжьыгъэм и хьэр фльагъуну.

ХьэщIэхэм я гуапэу кьыхаГъэщащ зэIущIэм кьеблэгъа, щыкIэпщынэ еуэу «Уэзы Мурат», уэрэдыжьыр зыгъэзэщIа Хьэхъупащ Iэмыр-хьан зэчий зэрыбгъэфедэгъэдэпIыр. «СтIол хьурейр» зэхуащIыжащ гъэзэджэмкIэ колледжым и студент пшыныуэхэмрэ бзрэбэнауэхэмрэ ягъэзащIэ макъамэ дахэмкIэ.

ЗэIущIэр зэхэкIыжа нэужь, усыгъэм, прозэм, зэдзэкIыным хухаха дерсхэр ирагъэкIуэкIащ литературэм щыщIэрыIуэ Эбанидзе Александр, Бахнов Леонид, Кибиров Тимур, Ивановэ Наталье, Ливергант Александр сымэ.

А нэхъыбэм и 28-м «стIол хьурейм» пащэжащ, апхуэдэу мастер-класс дерсхэри ирагъэкIуэкIащ. Иужьк1э хьэщIэхэр ирагъэблагъащ республикэ библиотекэм. Абы и пэжьакIуэхэм ягъэхьэзырат Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я литературэм и тхыдэм нэIуасэ хуэузыщI, я усакIуэ, тхакIуэ Iуэзэджэхэм я ятеуэуа тхыгъэхэр, абыхэм я Iэдакъэщ1экIэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр. Ар кьеклуэтащ я ныбжьыщIэхэм хуэат икIи республикэхэм я лIыкIуэхэр абы теухуауэ кьэпсалъэщ.

ЗэIущIэм хэтахэр бзрэжьей кьэс Абхъазым и уным щызэхашэ адыгэ джэгум ирагъэблагъащ. Абдеж хьэщIэхэри хэгъэрейхэри кьыщыфащ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Филатов Сергей, Думэн Хьэсэн, Тут Заур сымэ зэIущIэм хэтащ.

Хьэх Сэфарбий, Чуякъуэ Инус, Чаниевэ Тамарэ сымэ.

ЗэIущIэм кьеблэгъа хьэщIэхэр.

Щыгъуэкьым икIи гуэзрылэз чегъэщI уи Iуэху епльыкIэ, уи гуэрыльгурыщIэхэр къэпIуатэ мыхьэу, хуиту упсэльэну Iэмал къущамытым деж. Абы и лъэныкъуэкIэ, кулдыр зэрыщыгъуаэзщи, блэкIа зэманыр ткIийуэ щытащ. Нэхъыбэу ар зыхэзыщIар, псэкIэ зыгъэвар щIэныгъэ, тхакIуэ, усакIуэ, журналист, гъэзэджэм я гъэкъуэкIуэр ящ.

Иджы а хабзэ ткIийр щыIэжкьым: узыхуейр кьэпсэль, кьетхэкI, кинуэу кьэгъэльагъуэ, тхыль щхьэхуэу кьыдэгъкI, газетхэмрэ журналхэмрэ кьытрегъадэ, узыхуейм щытхъу, узыхуэмейр уэ икIи гъэльый - кьыщырыуэн щыIэкьым. «Жэуап зыбгъуэ» ары ар ящ, ауэ, журналистхэр, хейуэ уэхкIынщ.

Языныкъуэ щIэныгъэлIэхэр, тхыдэтхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, журналистхэр, артистхэр апхуэдизкIэ щхьэрыуIынщ хьэщ икIи тхыдэм «хIэгъэщIхьыр» Iуэхуэ хьэлмыгъэ зэхуэхьащIу, ушегъупсыс щыIщ: «Ярэби, цензурэр щыIэжамэ, сыту фIыт?» - жыпIэу.

Ауэ къэгъэльэгъуапхъэщ зи напэр зымыщIэжа, пэжымрэ щIэныгъэмрэ емыщIыжа елжагъэшхуэхэр, тхакIуэхьэлэмэтхэр, журналист Iэзэхэр иджыри куэду зэрыщыIэр. Iуэрылъ пIэр я гъуазэу, ахэр щIыхуэхэм хуэупсэ лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ, тхыгъэ хьэлэмэтхэмкIэ, догуащэ гупсысэ тэмэмкIэ, чэнджэщ узыншэкIэ.

Апхуэдэхэм ящыщщ Куценкэ Игорь Яков и кьуэр - тхыдэ щIэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, елжагъэ ихьыщIыхэм я Дунейпсо академием и членкорреспондентыр, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Гъуазджэхэмрэ ЩIэныгъэхэмкIэ Псоморэ Академием хэтыр, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Федерациэм я Адыгэ Республикэм щIыхь зиI я лъжьакIуэр. Урысей Федерациэм щIэныгъэ ящыхьмкIэ щIыхь зиI я лъжьакIуэр. Ар икъукIэ зэхьэзыгъэ ящ. Ар ныкъуэ Краснодар дэт Кубань къэрал техникэ университетым политологиемрэ правэмкIэ и кафедрэм и унафэщIыр.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыцэ Мухьэмэт и рыжьыкIэ «Эль-Фэ» тхыль тедзапIэм кьыщыдэкIащ Куценкэ Игорь и Iэдакъэщ1экI «Правда и кривда» - лъжьыгъэр. Ар икъукIэ зэхьэзыгъэ ящ. Ар лъэпкъым и тхыдэм дихьэхи икIи абы игъэпейтей дтхэнэм дежкIи.

Щ1ым лъакъуэ щ1эткъым

●Абы дегъэпIейтей

УРЫС ПАЩТЫХЬХЭМ Кавказ Ищхъэрэм щрагъэкIуэкIа политикэ мыхьэмыщIэмрэ лъапсэрыс зауэмрэ зыгъэзахуэу тхьдэтх Ратушняк я абы и акьылэгъу щIэныгъэлI ягъыныкъуэхэмрэ жэуап тэмэм яриткIэрэ, къэзакъэр зищысымрэ абыхэм я «гуащIэдкIэ» зауэм зэрыслъэныр жьэнахуэу кьыжиIэкIэрэ, Александр ЕтIуанэм и фэепль ильэсыхьыбI и пкIэ Москва зэрыщагъэувам, Екатеринэ ЕтIуанэм и фэепль Краснодар зэрыщащIыхьам игъэпIейтейуэ, Куценкэ Игорь, тхьдэм и хабзэм тету, белджылы ещI адыгэхэм кьыкIэлъэгъэрахьауэ щыта хьэкIэкъуэкIагъэр, кьраха лейр, ирагъэшэча кьэзыдэкIа, гуIэгъуэу иратар геноциду зэрыпщытыр.

«Октябрь Социалист Революциэ Инир илъэс тIощIырыпщIкIэ нэхъ гувауэ кьэхъуамэ, Кавказым ис лъэпкъ ягъныкъуэхэр хэкIуэдэжыпэну зэрыщытар нэрылъагэу дыдэт», - етх краснодар щыщ щIэныгъэлIым.

Адыгэхэр абыхэм ящыщ хьуиу зэрыщытам шэч кьытепхьэ хьунукъым.

Ди лъэпкым кьыщхьэщыжурэ, Куценкэ Игорь и тхылъым кьыщегъэльагъуэ ИтамбылакIуэ гъуэгужьым теуха насыпынпэхэм ятелъа хьэзабэр, я бжьыгъэр, я щIыналъэхэр кьэзакъэм, пащтыхь офицерхэм, генералхэм хуагъэшауэ зэрыщытар, абыхэм ящыщу лIыкI, ИстамбылакIуэм и кьызэгъэпщащIу жьыджэр граф Евдокимовым щIы Iыхьэшхэу Псыжьрэ Ставропольмрэ кьыхупачауэ зэрыщытар.

КУЦЕНКЭ Игорь и лъэныкъуэкIэ зыгъэзэщIа Iэмыр-хьан зэчий зэрыщыIэр зэхуащIыжащ гъэзэджэмкIэ колледжым и студент пшынаухэмрэ бзрэбэнауэхэмрэ ягъэзащIэ макъамэ дахэмкIэ.

ЗэIущIэр зэхэкIыжа нэужь, усыгъэм, прозэм, зэдзэкIыным хухаха дерсхэр ирагъэкIуэкIащ литературэм щыщIэрыIуэ Эбанидзе Александр, Бахнов Леонид, Кибиров Тимур, Ивановэ Наталье, Ливергант Александр сымэ.

А нэхъыбэм и 28-м «стIол хьурейм» пащэжащ, апхуэдэу мастер-класс дерсхэри ирагъэкIуэкIащ. Иужьк1э хьэщIэхэр ирагъэблагъащ республикэ библиотекэм. Абы и пэжьакIуэхэм ягъэхьэзырат Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я литературэм и тхыдэм нэIуасэ хуэузыщI, я усакIуэ, тхакIуэ Iуэзэджэхэм я ятеуэуа тхыгъэхэр, абыхэм я Iэдакъэщ1экIэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр. Ар кьеклуэтащ я ныкъуэ ныбжьыщIэхэм хуэат икIи республикэхэм я лIыкIуэхэр абы теухуауэ кьэпсэльащ.

ЗэIущIэм хэтахэр бзрэжьей кьэс Абхъазым и уным щызэхашэ адыгэ джэгум ирагъэблагъащ. Абдеж хьэщIэхэри хэгъэрейхэри кьыщыфащ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Дэлэпкъуэгъу хуэныкъуэ унагъуэ

●Псапэ влэжь

БАХЪСЭНщыпсэухэу Алокъуэхэ Абдулрэхьимрэ Ритэрэ унагъуэшхэкIэ нобэ зэджэхэм ящыщщ. Мыхэр я ныбжьыкIэ щалэщ, быиныр зэдагъэтящ, Нэхъыбжьыр илъэсий, нэхъыщIэр мазэ мэхъу.

- Псэныгъэм пыщIа гуГъуехьхэм куэдыр щигъэтхьэусыхэ мы зэманым бын куэд уиIэныр тыншкьым. АтIэ а кьалэным дауэ уехьулIэрэ? Зы пэш щIыкIэ закъуэм, ари пэшхьэкуклэ бгъэпльу, дауэ фыщIэхуэрэ? - соупщI Ритэ.

- Пэшхьэкуклэ псыр согъэхуабэ, зыгъэпсэхуГуэу зэман щыIэуи сщIэжыркъым. Сабийкэр я шхын, я щыгъын хуэдмыгъэныкъуэным дытолажьэ адэ-анэм зэрахабзэу. Щакхъуэ ькудеим мазэ кьэс тумэних-бльгъ ехь, адрей ерысыкьыхэм я гуГъу умыщIыхьхи. Си щхьэгъуэсэм кьилэжь сом 4000-мрэ кьэралым сабийм кьрит ахъшэмрэ зридмыгъэкъуэ хьуркьым. Дауи, гуГъущ, псымрэ уэздыгъэм я я уасэу еттын кьытхуэдэхуэжыркьым. Шхьыным и мызакъуэу я щыгъыным ууейкьэ?

А псом нэхьрэ ди Iуэхур нэхъ гуГъуж кьытщыщыщыр псэупIэ тэмэм дызэримыIэрщ. ДызыщIэ унэжь цыкIур зэпкърыхуну хьэзырщ. ДогуГъэ икIи ди фIэщ мэхъу гущIэгъу зыхэль цыхур нэхьыбэу зэрыщыIэр, кьэралрэ кьыддэIэпыкьуну кьыщIэкIынщ. ДыщогуГъ унагъуэшхуэр дызыщIэсхи псэупIэ уэхуэныкIэ зыкьытщIэзыгъэкъуэгъэ цыху дрихьэлIэну, - жиIэ Ритэ.

Хэку зауэшхуэм хэтахэр сыт щыгъуэ кьуэмыдэжу ящIыгъ зэльаПIэ. Абдулрэхьим и адэ Сультан Палиб и къуэр ящыщщ Зауэ гъуэгуанэ хьэльэм пхыкIахэм, и лъпкъхэр игъэкIуэдын гурыIэбгъу иIэу зы адыгэ щымыIэкIэ! Щым трахужьи дэю кьыщына, апхуэдизкIэ лъыуэ-гууэ а лъэпкъхэм хуаIэти, ахэр хэкум ирашым адыгэхэм я хьэдагъэшхуэу щытащ. Абы и щапхъэр мащIэкьым…

Мыр кьыщыхъуар Зенкъуэ кьуажэрщ. Балъкъэр Кудаев Сыхьэтджрий (егъэджакIуэ щытащ) адэжь хэкум ирашырт, и быныгъэгъэр и гъэсэу. Iуэху мыфмышIр зи щхьэм дуея и лэжьэгъуэмрэ школым щеджэ еджакIуэ щхьэкIуэхэр а махуэм псори щхьэлажь хъуат. Ахэр псори зэщIэгъуэгэрт, нэпсыр щIалъэщIыкIыу. Еджэн Iуэху лъэныкъэрамыгэкъу, егъэджакIуэхэри еджакIуэхэри зэхэтт, лIа гуэр яГъенжым хуэдэу.

Лажьи-хьати имыIэу хэкум ираша лIым и къуэш Хьанджэрий адыгэхэм яГъэпщкIуэри, драгъэшакьым. Адэ пэлыгъэу кьыхуущыт Къэрмокъуэ Хьиесэ деж ар ильэс куэдкIэ щыпсэуащ.

Къыжьыlэпхъэщ, къэнэну хуитныныгъэ иIами, Сыхьэтджрий и щхьэгъусэ адыгэ щIыхуэбгъэ, хэкум ираш и лIым щыгъуэ зэрыджкIар.

Сыт хуэдиз адыгэ щIыхуэб, я адэ-анэхэр, я дэлъхуэхэр, щыпхъуэхэр кьагъанэу, я щхьэгъусэ балъкъэрхэм, къэрэшейхэм я гъусэу зыдезыгъэпIар! Декабристхэм я фIыз щIыпкъэхэм ахэр ебгъэщIыкIэ ущыуэнукьым.

Къэрэшейхэм я Iуэху зытетам сыщыгъуэзэкьым, ауэ балъкъэрхэм ящыщ куэд адыгэхэм яхъумэфащ драмыгъэшу. Абы и щапхъэ Зенкъуэ щIыщIыкIыуэ, нэгъэщI кьуажэхэми кьыщыбгъэтынущ. Пэжщ, а Iуэхутхьебзэ мытынышыр ящIэн щхьэкIэ, ахэр хьилагъэ хуеIуащ: балъкъэр щIахьумахэр адыгэу ирагъэтхащ, нэгъэщI хэкIыпIэ щыIэтэкьыми. Я лъэныкъэгъэм хэкум кьагъэзэжа нэужь, абыхэм балъкъэру ирагъэтхьжащ.

Кьымыдэкъ, сыт и уасэ хьэзабым хадза балъкъэрхэм я адэ-анэ, къуэш, щыпхъу, благъэ, Iыхьлыхэр зыщIэлъ кхъэхэр адыгэхэм зэрахьумари. Апхуэдэ гулыитэ хуащакъым щэшэн, нигуш, кьалмыкъ, кьрым тэтэрхэм я кхъэхэм.

Хамэ щIыналъэхэм ящауэ щыщIЭми, адыгэхэмрэ (абыхэм ящыщ зыкъом 1944 гъэм и мэкъуаугъэгъэ мазэм дашат) балъкъэрхэмрэ гущIэгъу зэхуащIу, ныбжьэгъугъэ зэгурыIуэныгъэрэ я зэхуакъм дэлъэ кьекIуэкIащ. Зым и гуфIэгъэгъэ адрейм дитэырт, и гуэвэгъуэр адрейм диГъэвырт…

Гур егъэуэ Дзэлыкъуэ районым щыщ адыгэ щIалэ гуэрым (ди жагъуэ зэрыхьунщи, и щIэр лъэпкъым кьыхэкIа цIыху тельыджэхэр дгъэлъэпIэн, игъащIэ лъандэрэ адыгэхэм кьадекIуэкI хабзэфIхэр тхьымэн, нэр напIэм зэрихьымэ хуэдэу ди бзэр тхьымэжьын хуейщ. Гугъуехь лъэпкъ зыпымыль а кьалхэрэ дгъэзащIэ, зыри тегушхуэнукъым Iей кьытухуэнэну - кьытфIолIыкIыу е кьыдэхъуапсэу щытыпнущ.

Ауэ тхуэгъэзащIу пэрэ зи гугъу тщIы кьалэнхэр? ДагъэшIэу тхуэгъэзащIэркъым, ди жагъуэ зэрыхьунщи. Абы и лъэныкъэкIэ нэгъэщI лъэпкъхэм дгъэзащIэ, зыри тегушхуэнукъым Iей кьытухуэнэну - кьытфIолIыкIыу е кьыдэхъуапсэу щытыпнущ.

Ауэ тхуэгъэзащIу пэрэ зи гугъу тщIы кьалэнхэр? ДагъэшIэу тхуэгъэзащIэркъым, ди жагъуэ зэрыхьунщи. Абы и лъэныкъэкIэ нэгъэщI лъэпкъхэм дгъэзащIэ, зыри тегушхуэнукъым Iей кьытухуэнэну - кьытфIолIыкIыу е кьыдэхъуапсэу щытыпнущ.

Ильэс зытIущ хьуащ абы льандэрэ. Накьыгъэм и 21 мазэт - адыгэхэм я щыгъуэ мазэт, ИстамбылакIуэм хэхуэ кIуэдзахэмрэ губгъуэм ирикъуэхьахэмрэ яГъенжу. ПэкIур зэфIэкIа нэужь, щыгъуэ концерт кьызэрагъэпэщащ. АпхуэдизкIэ мащIэт абы кьекIуэлIари, лъэпкъ идеемрэ зэкъуэтыныгъэмрэ икъукIэ дызэрыхуэгъэмыр наIуэ дыдэ кьхъуащ. ГукIи пэжкIи ар зыхъэщIа Мысостышхуэ Пщыгъэбий и махуэм жиIар нобэм кьэс техьжIуэ ипщ: «Балъкъэркъэм сефыгъуэркьым, сохъуапсэ армыхьу. Я лъэпкъым текъуэгъэ екIуэкI мыпхуэдэ зэхьыбэ-зэхуэсхэм ахэр жьыджэру кьокIуаIэ, я лъэпкъым пщIэ ин зэрыхуэщIыр белджылы ящIу. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, дэ дыапхуэдэкъым».

Хэбдзыну зы псалъэ хэтхъым Пщыгъэбий жиIам! Апхуэдэ зэIущIэм кIуэну я щхьэ тралыпхьэу е ар кьафIэмыIуэхуу дапщэ а мазэм паркым, уэрамхэм щыхьэуулея, «самопал» иращу пабжьэм хэса, кхъэзыр джэгуу щыса, мылъку лей кьаэрыхэхъуэныым я нэр кьыпщхьэриГъэхъуауэ бзэзрым теса? ГъунэжкIэ!

«Псалъэ птыр бгъэпжжьфмэ - уэ уадыгэлIщ» уэрэд цIэрыIуэм хэт псалъэ Iущхэр щыдмыгъэпжьыфи, ди лъэпкъэгъуэхэм я мызакъуэу, нэгъэщI лъэпкъхэм я гур щызэдгъабгъи, уебгъэмэ гущыкIэ зыщыхуедгъэщIи кьоэхъу.

Сыту фIыт, пщы щыдупс, мыхьэмыщIагъэ гугъэ щыжьтIэ щыдлэжьым дежтIэкIу дегупсысамэ: «Ярэби, си щхьэм и мызакъуэу, апхуэдэ щыкIэкIи си лъэныкъэр гупсысмыгъэпуэ и абы и напIэр темыхьэу пIэрэ?» - жиIэу.

Лъэпкъ щIагъуэ щыIэу кьыщIэкIынкъым езым кьаэхкIа лIы Iущхэр, губзыгъэхэр, лIыхъужьхэр ямыгъэлъапIэу, абыхэм я фэепльэм пщIэ хуамышIу. Гум кьыщIитхьыикIи губжь гуэр хэту щагIэнэщи, абы емыщхь мыхьэмыщIагъэ гуэр илъэс зыщыплI и пэкIэ ди нэгум щIэкIауэ щытащ. Ар - адыгэ лIы Iуц, ди лъэпкъым и напIэм тель Кьэзанокъуэ Жэбагъы и фэепльэ Зенкъуэ ауэжэм щагъэувам ираха пудыныгъэщ. Иригушхуэу, ягъэлъапIэу я кIэлъплъыным и пIэкIэ фэепльым и хуреягъыр зэхэуцIэпIат фадэ, пивэ, псы зэрыта птулькIэ зэхэкъутахэмкIэ, тхылъымпIэжь, пхъэкIий икъуэхьахэмкIэ.

«Жэбагъы и куэдым сису, фадэ сефащ» жаIэу, абы иридыхьэпIыжь, афIэкIа кьызыгурымыIуэ е Iуэзэ Iэхэм сыткIэ ущыгуГъ хъунт?..

Лъэпкъыр зыгъэпсэуну, зыгъэлъахьшэ, зыгъэулыий Iуэхуэм ящыщщ адыгэ зыкъомыр адыгэзэкIэзэрымыпсэльэфыр, зэремыджэр. Сыт ар кьызэхкIыр? XIX лIэщIыгъуэм псэуа урыс аристократыр франджыбзэкIэ фIэкIа я анэдэлъхьбзэмкIэ мыпсалъэу зэрыщытам щапхъэ трахыу ара? Хьэмэрэ адрей я лъэпкъэгъуэм ихьрэ нэхъ губзыгъэу зыкъатыгъэрэ? И бзэкIэ зэрымыпсалъэм щыкъэ нэхъ губзыгъэ хуэ щIыку щIэгъу зыми кьыбжиIэфащуклым. ХуэдизкIэ нэхъкIэ улыкъуэми, апхуэдэр гъуэтыгъуейщ.

ЩIубзыщIым щыкъэм мы Iуэхумкlэ кьуанщагъэ зыбгъэдэлыр адэ-анэхэр арауэ зэрыщытыр, елжапIэхэри зыгуэркIэ бгъэкъуанщэхьуныим. ФIыщIэ зыкъомыпхъэ щыIщ.

Налшык кьыщыпсэуауэ щыта Тутэн фабрикэм адыгэ, балъкъэр щIалэхэр щылажьэрт. ПалъкIэлъжьыгъэм кьыдэхуауэ щыуэрщэрхэм деж, адыгэхэр урысыбзэкIэ, балъкъэрхэр балъкъэрыбзэкIэ зэпсалъэрт. СфlэгъэщIагъэуэ зыкъомрэ сакIэпльыпльа нэужь, балъкъэр щIалэхэм сеупщIащ: «Кьалэм фыкьыщалъхуа, фыщапIа, фыщеджа икIи урысыбзэм фыхуэпсэлъэну пэтми, фи бзэмкIэ фызэпсэлъэжьыр… Ар дауэ?» - жысIэри.

Жэуапу кьызатар мыращ: «Ди адэ-анэхэм кьытухуэдэркым унэм дыщыщIэсми дыщызэгъуэсм дежи ди бзэкIэ фIэжа дызэпсалъэ».

Афэрым яхуэныпIэ хъунщ апхуэдэ адэ-анэхэм! Абыхэм нэсу кьагуроIуэ я бзэр ямыгъэбзэрабзэм, я лъэныкъэр зэкIуэдэжьинкIэ зэрыхъунур. Лъэпкъ идее жьахуэмэ и ныбжьыр, щапхъэ зытехьпхъэщ зи гугъу тщIа «Правда и кривда» тхылъыр зи Iэдакъэщ1экI Куценкэ Игорь. А тхылъым уеджа нэужь, уемыгупсысыж пльэкIыркъым: «НэгъэщI Iыпэ

Алокъуэхэ я унагъуэр.

лIыгъэм папщIэ дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэм. Зауэ нэужьми Сультан тIысыжу щысакьым, щакхъуэ щагъакъэ заводым пенсэм кIуэху щылэжьащ. Зауэ гъуэгуанэр кьыщIрихьэлIа щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыуэ кьыщIэкIынт и бынхэр зыхуеИ зуэзэу, лажьэрэ шхэжьу дунейм тетынри.

БЕКЪАЛДЫ Илэ.

● Къэнжал зауэ - 300

БЕКЪШОКЪУЭ Алексей: «Е дылІын е дылІэн» япэу адыгэхэм щыжаІар абы щыгъуэт

АДЫГЭ лъэпкъым и пщІэр, и Іулыджыр Тырку, Перс къэралыгъуэхэм я пащхьэ къыщызыІэта, Къэнжал Іуащхьэ щекІуэкІа зауэр мы гъэм илъэс 300 зэрырикъур зэрагъэлъэпІэну Іуэхуэгъуэхэр зыубыжу комитет къызэрагъэпэщауэ, КъБР-м и Президентым и нэІм щІэту мэлажьэ.

А Іуэхуэр кьехьэжьэнэр, ди лъэдэм къыхэкІыжа зауэр гуащІэм гулыІэтэ нэхьыбэ хэущІыныр, япэу къыхэзыльхьар Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм хэт щІалэхэрщ. Абы кьежьапІэ хуэхьуам, Къэнжал зауэм адыгэ лъэпкъым дежкІэ иІа мыхьэнэм тедгъэпсэлъыхьыну «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым кьедгъэблэгащ Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **БЕКЪШОКЪУЭ Алексей**.

-АБХЪАЗЫМ и Лпыхьжь щІэр къызыфІаща, курыжабхъаз зауэм хэкІуэда Гъогуей Аскэр и адэм и пщІантІэм ди зи чэзу зэхуэс щедгъэкІуэкІыу (2006 гъэ, Арщыдан къуажэ) къыхэлъхьауэ щытащ Къэнжал зауэр зэриухэр 2008 гъэм илъэс 300 зэрырикъур гъэлъэпІэн зэрыхуейр, - жеІэ Алексей. - ИкІи ди зэгухьэныгъэм и закъуэкІэ зэфІэкІа зэрымыхьынур къыдгурыІуэжыртри, КъБР-м и Президентым дежь лъэІу тхыль едгъэхьащ. ФІыщІэ хуэфащэщ Кьанокъуэ Арсен кьыхэтлъхьа Іуэхур кьызэрыдиІыгъам папщІэ. Абы Гуманитар къхэутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым пщэрыльщащ Къэнжал зауэр тхыдэм кьызэрыхэщыж щІыкІэр къахутэну. Апхуэдизу лъэпкъ Іуэхум папщІэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкІуэкІ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэу Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ Афганистаным щызэуахэм я ветеранхэм я союзымрэ хьыбар щедгъащІэм, я гуапэу къытекъуэващ.

- **Льэпкъым и гхьэр, абы и гъащІэм къыщыхъуа мы хьэнэщхуэ зиІэ Іуэхуэгъуэхэр хъумэн зэрыхуейр арагъэщІ апхуэдизу гупсысэм фыхуэпшыар.**

- Лъэпкъыр щыІэныжкІэ, псэунымкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ тхыдэм. Ар дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым икІи тхыдэм и апхуэдэ напэкІуэцІхэр дгъэкІуэдыныр Іэмал зимыІэщ. Ауэ мыбы идкъари зы хэлъщ. Апхуэдэ текІуэныгъэхэр, екъуІэныгъэхэр дгъэлъапІэнкІэ зэгуэ-

ры ираудауэ щыта лъэпкъым и гур кьыдэжьжьныжкІэ. Іэмал гуэрэдэжьхъ? Мыбдежым кьыжьІапхъэу кьыщІэкІынщ а ІуэхумкІэ кьыдбгъэдэс лъэпкъхэм зыкІи я жагъуэ щІыну е дгъэпудыну дыхэзыхуэмейр. ДызэрепльымкІэ, зэхэщІыкІ зиІэ дэтхэнэ зыми кьыгурыІуэн хуейщ ди щхьэм кьрикІуа мыгъуагъуэ тхыдэм кьыхэнахэр зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхъунур, кьытщІэхъуэ щІэблэм я дежь нэтхьысэн папщІэ апхуэдэ Іуэхуэхэр кьызэдгъэпэщын зэрыхуейр. Иджыри къэс ныгуэрхэр Іэпэдгъэлэп тщІыуэ дыкъекІуэкІамэ, игъуэ хьуащ дыкьызыхэкІа лъэпкъым и пщІэр тІыгъыжыну, мамырыгъэ кьытхуэзыхьа, ди хэкур тхуэзыхьуа ди адэжьхэм я фэеплъым хуэфащэ пщІэ хуэтщІыну.

Дэ, адыгэхэм, дызыщІэ хъужьми тфІэфІкъым, ди щхьэм фІэмыльфІэтлъхьжу игъащІэми ди хьэлкъым, ауэ языныкъуэхэр арэзы кьыдэдэмыхьу пэтми, 1708 гъэм ХьэтІохъэщокъуэ Кургъуокъуэ и зауэ Іэкъмрэ Кьапльэн-Джэрий хьаным и дзэмрэ зэращІылІа зауэ гуащІэм Хэку зауэщхуэкІэ уеджж хъуну кьыдольытэ. Сыту жыпІэмэ, зы жьыл зэтращъэсхьэну е щІыку бжыгъэ гуэр зэтращкІну диужь кьыжьауэ аратэкъым кьрымы-дзэр, атІэ лъэпкъ псор ягъэкІуэдыну я мураду арат. АтІэми, хейм сытым дежи гъуэгу игъуэткъэ, зызыхьумэж лъэпкъым Тхьэр кьыдэІэпкьуащ. Уебгъэ, апхуэдизу зауэлІыр зэтращкІэрэ, кьрым хьанри щІагъэпхъуэжащ. «Хьаг ажал» ауэ сытми фІащатэкъым а Іуащхьэм ди адэжьхэм. Апхуэдэущ ахэр нэхьапэм Іуащхьэм зреджэу щытар.

- **Алексей, Къэнжал зауэр илъэс 300 зэрырикъур гъэлъэпІэнымкІэ щыІэ комитетым уэри ухэтщ, абы кьыщагъэльэгъуа Іуэхуэгъуэхэм ящыщу сыт хуэдэхэра бгъэнахуэщыщхьр?**

- ТхьэгъэпэщащІэу комитетым тхыдэтхэр, щІэныгъэлІэхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр хэтщ икІи дэтхэнэми езым и епльыкІэ пыухыкІа кьыгъэльэгъуагъ, щагъэльэпІэну махуэм ехьэлІа Іуэхуэгъуэхэр яубзыхуагъ. А псоми кьытедгъэзэжу и гугъу тщІынкъым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд и интервьюм, накъыгтэм и 28-м кьыдэкІа «Адыгэ псалъэ» газетым тетам, кьыщыгъэльэгъуащи. Ауэ нэхьыщхьэу кьэтхьытэр Къэнжал зауэм и фэеплъу езы Іуащхьэм и щыгуфІэ Налшыкрэ щыгъэувын хуей сыихэращ. Метр 12 зи лъагагъ стелэр - щІым хэтІагъ щыт кьамэр - и нэщэнэщ адыгэм бийр зэрыэтэриуКІам, хэкум мамырыгъэ зэриплъам. ЬхэтІохъуокъуэ Кургъуокъуэ и сурэтым тращІыкІа щхуэей теплъэ зиІэ мемориалым кьалэр игъэдэхнущ, щІэблэм гъэазэ яхуэхъунущ. Зи гугъу тщІы псоми щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ лъабжьэ быдэ иІэн щхьэкІэ, щІэныгъэм ипэкъиІэ конференц екІуэкІынущ икІи абы утыку кьэщІрахьэ лэжьыгъэхэр махуэшхуэм ирихьэлІэу тхыльу кьыдагъэкІынущ.

Адыгэ лъэпкъым и къэкІуэнчр кІыхь, дахэ хъун щІэнчр кІыхь, ауэ ди ихьымэжьи хуейщ, апхуэдэу щхьэм фІэмыльфІэтлъхьжу ягъэкІуэдыну я мурадащ. Ардыдэратэкъэ Куржым Абхъазым ирищІну хэтар?

ЕтІуанэрэ, адыгэхэми абхъазхэми Іэмал яІащ, зыгуэрым и жьауэ щІэтуэу, лІыгъэшхуэ Іуэхуэр зэфІэкІа гъэкІыну. АрщхьэкІэ, ГъэугуІ нэхъ гугъущ зытеуар. Я хьэлтэжьым ди адэжьхэм я щхьэр зэгъэльэхьшэу, зыгуэрым хуэунэІуту псэуну. «Е дылІын е дылІэн» псалъэжьыр кьыщежьэри абы щыгъэущ, апхуэдэ унафэ ящІри, езыхэм нэхьрэ куэдкІэ нэхьыбэ хьу дэзм пэщІуэращ. АтІэми, лІыгъэ нэс зэрахэлъым кьыдэкІуэу псэкупсэ кьуелеягъ зыбгъэдэлъ лъэпкъым кьытекІуэн яхуэзфІэкІакъым. Ди адэжьхэр зыщІэта «Хэкур хабзэр» кьыхуеджэныгъэр ди щІэблэм я бжьмэ, щхьэкІэр ящІэнущ.

Мы зыри щІызгъужьнут. «ЩІыху гупыр льэпкъ зыщІыр ІуэхуэгъуитІщ: я адэжьхэм я блэкІам зэрыпагэмрэ кьэкІуэну зэманым фІыкІэ зэрыхуэхъуапсэмрэщ», - жиІащ Черчилль Уинстон. Ар дэ кьыдэпхьэлІэ хьуну кьысщоуху.

Епсэлъар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирщ.



● ЩІэдзапІэ

Сыт хуэдэу гъащІэр зэрызэхэлъыр?

Налшык къалэ дэт 28-нэ прогимназием щыІэ дахэ щыІэхашат 4-нэ классыр къэзыух ныбжьыщІэхэм я щыхьхІэ.

АДЭ-АНЭХЭР, егъэджакІуэхэр щызэхуэса пэшым нэжэгужу къыщІыхьащ пщащэ гъэщІэрэщІэхэмрэ щІалэ зэкІуэжхэмрэ.

ЩыкІуэкъым, абыхэм я адэ-анэхэм фІэхъуэ псалъэкІэ захуигъаззэри, я гъэсэн ныбжьыщІэхэм адэкІэ я щІэныгъэм хагъэхъуэну школым зэрыкІуэр жиІащ прогимназием и унафэщІ Варфоломеевэ Людмилэ.

- Апхуэдэущ ГъащІэр зэрызэхэлъыр, зэманыр ульэщІэмыхьэурэ макІуэ, сабийхэр балигъ мэхьу. ИльэсипІі и пэкІэ ди деж кьэкІуэ щыкІуэмкІ нобэ пэщІдзэ щІэныгъэ зрагъэгъуэтащ, - жиІащ абы. - Фэ зэрыфщІэщи, иджыпсту ди пащхьэ къит ныбжьыщІэхэм псэемыблэжу ядалэжьащ ди егъэджакІуэхэр - щІэныгъэм и дунейм хащащ, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкІи куэдым хуащущ. ИльэсипІым къриубыдэу мы классым ди адэжапІэм щигъэлъэгъуа зэфІэкІхэм дэ Іэмал кьыдат абы щІэс дэтхэнэ зыри екъулІэныгъэхэр иІэу дяпэкІэ кьыпэщылъ щІэныгъэ гъуэгум зэрырикІуэнр, я кьалэнхэм зэрыпэлъэщынур жьытІэну.

Людмилэ щІыкІуэхэр зырызу кьыдишурэ дэтхэнэми теухуа псалъэ гуапэ жиІащ, пэщІдзэ еджапІэр кьызэраухам и щІыхьэт тхылъымрэ медет зэхуэмыдэхэмкІэ яІэ екъулІэныгъэхэм папщІэ кьыхуагъэфэща щІыхь тхылъхэмрэ яритыжащ.

Щыхьэт тхылъыр зыІэщІалъхьэж щІыкІуэм я нэгум дэрэжэгъуэр кьищыфт икІи ильэсиплІкІэ щеджа школыр, япэу хьэрфхэр езыгъэщІыхуа егъэджакІуэхэр кьызэрагъанэр кьаззэрехьэлъэныкІэ я нэхэм кьалуатэрт.

АдэкІэ щІыкІуэхэм кьагъэльэгъуащ яфІэфІ дыдэу зыхэту щыта театр теплъэгъуэхэр, кьаІофхэр. Апхуэдэуи адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ усэхэр, уэрэдэхэр жаІащ.

Адэ-анэхэм зыхуагъаф Іэу екІуу кьэфащ щІалэ, хьыджэбз щІыкІуэр. Псом хуэмыдау джэгу дахэ зэхашат Мысачэ Валентинэ игъэса кьэфащ кІуэ гупым.

Я бынхэм щІыкІуэгъэ гуэрым япэ лъэбакъуэхэр щезыгъэча егъэджакІуэхэм, ахэр зи нэІэ щІэту лажьэ унафэщІым фІыщІэ хуащІу кьэпсэльащ ныбжьыщІэхэм я адэ-анэхэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Ует Хьэзрэтэ
Мэрзей Заринэрэ къофэ.

ЕджапІэм и унафэщІ Варфоломеевэ Людмилэрэ ГъукІакъуэ Иналрэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ*.

● Бахъсэн къалэ

ИльэсипІі ирокъу

ИЛЬЭСИПІІ ныбжьым къыджиІэр сыт? Абы ит сабиим дунейр и щІэщІгъуэущ, къэхъуакъащІэ псоми щыгъуазэ зыхуищыну хуущІокъу. «Бахъсэн» газетри зэщхьыр аращ. Бахъсэн къалэм сыт щекІуэкІми Іэмал имыІэу ищІэн, и щІэдзыкІакІуэхэм яхуиІуэгъэжьын хуейщ. Армырамэ, газетыр гъэщІэгъэн хъунт?

Мыбы щылажьэ щыхъ 11-м къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжар кІуэ пэтми «Бахъсэнри» удэзыльэх, хьэлэмэт, купщафІэ щыныфрыщ, ар зэрызрагъэхуІэныем яужь итщ. ТхьэмахуэкІ, бзэр, жьеІэрмэ щІэбэтымрэ, газетыр унагъуэ миниущым яІэрохьэ, Ар Бахъсэн щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр кьызэрыщ гъуджэу жьыпІэ хъунщ.

● ● ● ● ● ● ●

Сабийхэм гулыІэтэ хуащІ

Мэкъуауэгъуэм и 1-р, дунейм сабийуэ тетым я махуэр. Бахъсэн къалэм щагъэлъэпІащ. Къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Быф Анатолэ езым и мылъкум къыхэкІуэ сабий 6600-рэ хуэдиз игъэгуфІащ, къалэ сымаджещым щІэнь сабий 60-м ІэфІыкІэ, зэрыщІэгъун хьэпшыр яхуригъэщащ.

ПЩЭДДЖЫЖЬ жьыуэ щІадзауэ ШэнхабзэмкІэ и унэм щыкІуэрэ балигъкІэ щыкІуэсыр. Анэхэм, анэшхуэхэм ящыгъу сабийхэр дахэу хуэпат.

ШэнхабзэмкІэ унэм и пэщышхуэм щІэмыхуэу щІыхуэхэр къекІуэлІат. Абыхэм зыхуэхъу псалъэкІэ захуегъаз ящІ Советым и унафэщым и кІуэдзэ Бырхъэм Залинэ.

- Щыхур дунейм кьыщытехьэр насыпщи, насыпт, уяшыгаъэ фІэнэ, льэпкъыр, къэралыр зэрыгушхуэн щыху кьыфхэкІыну сыныво хъуэхъу. Си псалъэмакъым кІыхь зезмыгъэщу фэр папщІэ дгъэхьэзыра концертым ди гуапэу федгъэлпынщ, фи нэгу зедгъэужьынщ, - жиІащ абы.

Макъамэ дахэр сценэм къыщоІу, щхьэ экІэплъыкІэу къызэщІонэ, къафэкІэ концертыр ящІэ. Ар зэгъэщІэ «Бахъсэн ду» къэфакІуэ гупым. УэрджыбакІуэ щыкІуэхэу Хэжь Артур, Тут Эльмирэ сымэ ягъэзэщІащ уэрэд зыбжанэ. «Дохутыр Айболит», «Золушкэ» таурыхъэм къытращыкІа теплъэгъуэ щІэкІыкІэм псорн дихьэхыу еплъащ.

Концертыр сыхьэтитІым щигъукІэ екІуэкІами, зы сабий яхэплъагъуэр тэкъым ар къытехьэлъэІуэр.

Концертыр и кІэм щынэсым, асфальтым сурэт тещІыхьыныжьмкІэ зэпеуэм щытекІуахэм саугъэтэхэр ираташ, къыщыщІэкІыжьым Іэфыкі Іэ льэпІэхэр хуагъэшащ.

ТОХЪУТЭМЫЩІ Ланэ.

Проектыр зейр - Сэралъп Робертщ
Хореографыр - Цопанов Аланщ
Макъамэр - Увыж Анзорщ
Щыгъынхэр - Сэралъп Мадинэщ
Сценографиер - Урыс Вячеславщ

● Фэеплъ

Къардэн Ислъам и текІуэныгъэ

Арщыдан къуажэм и «Бедик» стадионым щекІуэкІащ игъуэ нэмысу дунейм ехьжьа спортсмен ныбжьыщІэ Іэмыкъ Альберт и фэеплъ спорт зэхъэзэхуэ.

АЛЬБЕРТ и унагъуэмрэ и льэпкъымрэ я нэІэ тету екІуэкІ зэпеуэр япэ ильэситІым тоупк эум хуэунэтІащ цыхьэ, мы гъэм абы щІэуэ хагъэхьащ бэнэкІэ хуитри. Зэхьэзэхуэм хэтащ республикэм и кьалэхэмрэ куейкэмрэ щыщ спортсменхэр. Фэеплъ зэпеуэм кьыщыпсэльащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и комитетым, Лэскэн куей администрацэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветерандэм я кьуажэ Советым кьаубгъэдэкІа лІыкІуэхэр. Абыхэм фІыщІэ ин хуащІащ щІалэгъуэгъэ гъэсэныгъэ, фІым хуэущиныжьмкІэ мыхьэнэ ин зиІэ мыпхуэдэ зэпеуэр ильэс кьэс егъэкІуэкІыныр зи жэрдэмхэм, мылъкукІэ ар кьадгъэзыІуэ ныбжьыгъуэхэм. «Бедик», «Тёмек ом» ІэнатІэхэм ягъэва сауГъэтхэр къэхъыныкІэ екІуэкІа зэпеуэхэм пашэ щыхъуащ Арщыданым и спортсменхэр. Мыдрейуэ, зэхьэзэху эмхэта дэтхэнэми сауГъэт щхьэхуэхэр ираташ, ерыскъы Іэни кьыхуащтащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Мэкъуауэгъуэм и 1-м «Налшык» спорт комплексым щекІуэкІащ Алтуев Мыхьутар и фэеплъ турнир зэІуха, 1990 - 1992 гъэхэм кьалъхуа дзюдоист ныбжьыщІхэмрэ я зрегъуэм кьриикІащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм я мызакъуэу, Ингушым, Къэрэшей-Шэрдэжсым кьикІаэрри - псоми зэгъуэгу дзюдоистэ 150-м нэблагъэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР кьызэрагъэпэщащ КъБР-м Физическэ культурэмрэ спортымкІэ и комитетым, республикэм дзюдомкІэ и федерацэмрэ Ныр Сефи и щІэр зэрыгъэпэщ дзюдомрэ самбомкІэ щыІэ сабий - ныбжьыщІэ спорт школымрэ.

Турнирым и кьызэгъэпэщакІуэхэм кьалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжахэм ящыщу спортсменхэм Зэхьэзэхуэм и хьэныр, республикэм дзюдом зыщегъэужьыныр, лъэпкъхэм я зэныбжьыгъуэгэ гъэбыдэныр, Алтуев Мыхьутар и фэеплъыр зыщІамыгъэгуфІэныр.

Фэеплъ зэхьэзэхуэр кьызэІуихащ абы и судьи нэхъыщхьэ, УФ-м щІыхь зиІэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд. Ар спортсменхэм ехьэхъуащ бэнэкІэ дахэ я кьалъэгъэльэгъуэну. КьищынэмыщІауэ, республикэм и спортсменхэм кьабгъэдэкІыу ар ехьэхъуащ ди щІалэхэу Олимп Джэгуэхэм кІэлэпхъэм ехьэлІэныгъэ яІэу кьагъэзэжьыну.

Алтуевхэ я льэпкъым кьыбгъэдэкІыу зэхьэзэхуэм и кьызэгъэпэщакІуэхэм, абы кьрихьэлІа спортсменхэм фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ Алтуев Казим. - ИкъуакІэ си гуапэщ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ кьызэрызэгъэпэщыр, Мыхьутар фи гум зэримыхуэ папщІ фІыщІэ фхуэщІ.

Зэхьэзэхуэ зІухам хэта спортсменхэр я хьэлъагъ ельытауэ гупиблу гуэщауэ щытащ. Махуэ псом екІуэкІа зэІущІэ гуащІэхэм иІуэ хъунущ. Махуэ псом екІуэкІа зэІущІэ гуащІэхэм иІуэ къищІащ хэт нэхъ льэщщи. Апхуэдэу щыбзна гупэкъм яп увыпІэхэр щауфыдащ Байбугуей Олег - кг 55-рэ (КъБР), Джаэтэжьк Аэзмэт - кг 60 (КъБР), Оздоев Зелимхан - кг 66-рэ (Ингуш), Умаров Сулеймэн - кг 73-рэ (КъШР), Гадаборие Мэч - кг 81-рэ (Ингуш), Хатзиев Магомет - кг 90 (Ингуш), Къардэн Ислъам - кг 100-м щІигъу (КъБР).

Ди щІалэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхъэзыращ ЕмкІуж Мухьэмэд, Занкишиев Къубатий, Щоджэн Султан, Иванов Дмитрий, Бэгъуэт Мухьэмэд, Апхудэ Анзор, Сэралъп Олег, Анахаев Мустэфа сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Гъуэгу махуэ, инспектор ныбжьыщІэхэ!

ГЪУЭГУМ шынагъэншэу щызекІуэныр кьызэгъэпэщыным тёухуа, 2006-2012 гъэхэм тещІыхьа федеральнэ программэм, Урысей МВД-м 2008 гъэм и планым япкъ иткІэ, Дон Іус Ростов къалэм мэкъуаэгъуэм и 3-11-эм щекІуэкІынущ инспектор ныбжьыщІэхэм я Урысейпсо зэхьэзэхуэ-фестиваль. Абы щыщІ Іыхьэу щытынущ СНГ-м хьихь къэралхэм я инспектор ныбжьыщІэхэм я лІыкІуэхэри кьызрихьэлІэну слетыр.

«Щэрхъ шынагъэншэ» зыфІаща зэпеуэм хэтынущ КъБР-м и командэ кьыхэхари, Зыхьэ Астемыр, Факъуэ Елдар, Щомахуэ Залинэ, Чэрты Тамарэ сымэ зыхьхьэр.

Инспектор ныбжьыщІэхэр екъэн и пэ кьихуэу иригъэблэгъащ къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ министру КъБР-м щыІэ Томчак Юрий. Министрымрэ УГИБДД-м и унафэщІ Кьудей Арсенрэ сабийхэм ехъуэхъуащ икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ» жиІэу зытетхэ спорт фащэ дахэхэр тыгъэ хуащІащ.

УЭРДОКЪУЭженя.

●КъБР-м и МВД-м къет

Фэбжьым къелакъым

2007 гъэм дыгъэгъаззм и 13-м сыхьэт 16-м деж, хэтми ямыубзыхуа, ВАЗ-2109 автомашинэр зезыгъакІуэр Налшык, Лениным и проспект лъэныкъуэмкІэ икІыу Осетин уэрамым тету ЩоджэнцІыкІум и уэрамымкІэ здэкІуэм, жьэхэуащ ГъуэгуГр зэпэзыуащІ лъэсырыкІуэм, 1993 гъэм кьалъхуа Мэш Елдар Дзуард и къуэм. НыбжьыщІэр кьытехуа фэбжьым кьелакъым.

Авариер зи зэранкІэ къэхъуа шоферым зигъэпщкІуакІащ.

Автомашинэм и тепльэр: ВАЗ-2109-щ, дыжьынфэщ, и абджэхэм узэпкрыпльыфырыкъым, и шэрхъэм я дискхэр заводым щащІащ, ахэри дыжьынфэщ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, ипэмкІэ тельащ **"995"** е **"955"** бжьыгъэхэр зэрыкІуэгъэльэгъуа къэрал номер.

А насыпышагъэр къызэрыхъуа щыкІэр зытэгъэхэм, щІэпэщаджагъэр зэхэзыжьынэм сабэп хуэхъуну хъыбар гуэр зыщІэхэм дыныволъэ фыкъэпсэльэну мы телефонэмкІэ: **49-51-73; 49-52-08; 40-49-10; 02**.

Фи цІэ-унэцІэр хэІущІыІу ящІынукъым.

Къэралыгъуэ Іуэхуэхмкі э министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратым и дэжьжІуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс Борис и къуэм** хуогузаво абы и малъхъэ **Тилов Хьэмид Паша и къуэр** зэрылІам кьыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖЬэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Жылаеэ Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькыгъэрэ Алик, Шал Мухьэмэд.



ДИ ЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкі э - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІ э - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІ э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ Іапі э ЗэІущІэныжьмкІ э - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; ехъджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі э м - 42-26-41; сурэттехьэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэныту щытыкІэм.

Газетыр Іэ тезыдлахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъи КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпмкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаззм и 16-м №Н-0065-м щІигу ягъуэм.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

КъБР-м Щихьатэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхъэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкІуэгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору ЖЬэкІэмыхъу Маринэ, корректорхэу Табыщ Динарэ *(2,3-нэ нап.)*, ПІхьитІыкІ Юрэ *(1,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ:* Дол Маринэ, ГъуЖьІ Рае, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщІ* Къарей Элинэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.

Щытрадзар сыхьэт 19.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.008 ● Заказ №1869